**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKSI JOQARI HA`M WORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG`I QARAQALPAQ MA`MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**SOCİALLIQ PA`NLER KAFEDRASI**

**Tariyx-huqıq fakulteti filosofiya qa`nigeliginin` 4-kurs studenti Risnazarov Islamnin`**
**pitkeriw qa`nigelik jumısı**

# TA`BİYAT HA`M JA`MİYET NIZAMLARINDAG`I ULIWMALIQ HA`M WO`ZGESHELİGİ MA`SELESİ

**İlimiy basshı ______________________________ siyas.i.k. G.Sherniyazova**

**Kafedra baslıg`ı ____________________________ f.i.d. A.Berdimuratova**

**NO`KİS 2014**

# Ta`biyat ha`m ja`miyet nızamlarındag`ı ulıwmalıq ha`m wo`zgesheligi ma`selesi

## JOBASI

**Kirisiw…………………………………………………………………......**

**Tiykarg`ı bo`lim**

**I Bap. Ta`biyat ha`m ja`miyet nızamları: ulıwmalıq ha`m ayirmashiliq ma`selesi**

1. Ta`biyat nızamlarının` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri ……………………

2. Ja`miyet nızamları ha`m olardin` specifikasi……………………………...

**II Bap. Ta`biyat – barlıqtın` quramalı bo`legi ……………………….. ….**

1. Ta`biyat filosofiyalıq tu`sinik sipatinda. «Ekinshi ta`biyat»…………….....

2. Ta`biyat, ja`miyet ha`m adam kooevolyuciyası…………………………...

3. İlimiy-texnika ınqılabı (İTI) ha`m onın` aqıbetleri………………………...

4. Ekologiyalıq problema ha`m onı sheshiw jolları…………………….........

5. Ta`biyat rawajlanıwının` Noosfera (Aqıl tarawı) basqıshı ha`m adamzattın` jer planetası keleshegindegi juwapkershiliginin` asıp barıwı……

6. İnsan ha`m noosfera……………………………………………………..

**Juwmaqlaw……………………………………………………………….**

**Qosımshalar…………………………………………………………......**

**Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi…………………………………………**

## Kirisiw

**Temanın` aktuallıg`ı.** Adamlardın` qorshag`an ta`biyiy ortalıq penen qarım-qatnası probleması sotsiallıq filosofiyanın` a`hmiyetli problemalarının` biri bolıp tabıladı, ha`m basqa ha`r qanday filosofiyalıq problema sıyaqlı ol da jeterli da`rejede quramalı ha`m sheksiz. Bull problemanı filosofiyalıq tu`siniwdin` ayırıqsha aktuallıg`ı bu`gingi ku`nimizde ekologiyalıq jag`daydın` keskinlesiwi menen baylanıslı. Bir jag`dayg`a itibar qaratıwımız kerek, sotsiallıq filosofiyadag`ı insan ha`m ta`biyat arasındag`ı barlıq rawajlanıp ha`m quramalasıp baratırg`an qarım-qatnas gamması ja`miyettin` bull problemanı qanday da`rejede tu`siniwine baylanıslı izertlenip, ashılmaqta. Sonın` menen birge insaniyattın` ta`biyatqa qatnasının` tiykarın sotsiallıq aspektti esapqa almastan tu`siniw mu`mkin emes. Biraqta, filosofiya tariyxı «ta`biyat – ja`miyet» problemasın sheshiwde apiwayılastırılg`an ha`m bir ta`repleme ko`riniske iye bolg`an bir neshe mıssallardı ko`rsetedi.

Bul problemanı u`yreniwde tiykarg`ı tu`siniklerdi anıqlap alıw za`rur. «Ta`biyat» tu`siniginin` o`zi ekilemshi dialektikalıq xarakterge iye: so`zdin` ken` ma`nisinde ta`biyat bull – o`zinin` ha`r tu`rli ko`rinisine iye bolg`an pu`tkil obektiv materiallıq du`nya bolıp tabıladı; al so`zdin` tar ma`nisinde ta`biyat – adamzat jaratpag`an materiallıq du`nyanın` bir bo`legi, onın` shen`berinde ja`miyet jasaydı ha`m ol menen baylanısta boladı, yag`nıy, ta`biyat bull jerde adamzat ja`miyeti o`mir suriwinin` ta`biyiy sharayatlarının` bir pu`tinligi sıpatında qaraladı.

Ja`miyet – ta`biyattın` bir bo`legi bolg`an ha`m onın` menen tınımsız baylanısta bolıwshı adamlardın` birgeliktegi iskerliginin` forması. «Ta`biyat» ha`m «ja`miyet» tu`sinikleri dialektikalıq qarama-qarsılıqlardın` mısalı bolıp tabıladı, olar bir-birine bolg`an qarama-qarsılıqlarsız o`zinin` ma`nisin jog`altadı ha`m sonın` menen birge izolyatsiyalang`an halda, birew-birewi menen baylanısısız qaralıwı mu`mkin emes.

A`lbette, adam – ta`biyattın` ajıralmas bir bo`legi bolıp esaplanadı. Ol ta`biyat penen tıg`ız ha`m turaqlı tu`rde o`z-ara qatnasta bolg`an jag`dayda g`ana

o`mir su`re aladı. İnsaniyatqa kerek na`rsenin` barlıg`ı ta`biyattan alınadı. Biosotsiallıq maqluq sıpatında ol o`zinin` miynet iskerligi menen ta`biyatqa ju`da u`lken ta`sir ko`rsetedi. İnsaniyattın` miynet iskerligi protsessinde ta`biyat penen adamzat ja`miyetinin` sapalıq jaqtan tu`p tiykarınan jan`a o`z-ara ta`siri payda boladı. Bull baylanıs haywanlardın` ta`biyiy qorshag`an ortalıq penen o`z-ara ta`sirinen ulıwma parıqlanadı. Adam ta`biyatqa ta`sir ete otırıp, onı o`z maqsetleri jolında xızmet qılıwg`a ma`jburleydi.

Bugingi ku`nimizdegi ekologiyalıq jag`daydı analiz etiw bull pikirlerdin` haqıyqatında durıs ekenligin tastıyqlaydı. Adamzattın` biosferag`a ta`siri tsivilizatsiyamızdı sonday bir du`nyag`a aylandıradı, onda tek g`ana sho`llerdin` bag`larg`a, batpaqlıqlardın` o`nimdar jerlerge, dalalardın` qalalarg`a aylanıwı, ba`lkim, da`slepki bag`lar ornında sho`listandı, haywanlardın` qırılıp, pu`tkilley jog`alıp ketiw jag`dayında turg`anlıg`ın ko`riwimiz mu`mkin.

Ta`biyattın` barlıq nızamları qorshag`an ortalıqqa ta`n. Sonday-aq, bull tu`sinik adam xızmeti ta`sirinde o`zgergen ta`biyat orınları, qalalar, awillar, tog`aylıqlar, suw, hawa ha`m basqalardı o`z ishine aladı.

Janlı ta`biyattan basqa wa`killerinen parıqlı tu`rde adam jer sharının` ha`r qıylı sharayatlarında, klimatı, jer beti du`zilisiinin` qanday bolıwına qaramastan jasay beredi.

Adamzat ja`miyetinin` o`mir su`riwi ta`biyiy ortalıq penen tikkeley baylanıslı. Ta`biyat – tirishilik deregi, insaniyat jasaytug`ın ta`biyiy ortalıq. Adam bull ta`biyiy ortalıqtan tısqarıda tirishilik ete almaydı. Ha`zirgi zamanda texnologiyalıq protsesstin` rawajlanıwı menen baylanıslı ta`biyiy ortalıqqa unamsız ta`siri kusheymekte. Sonın` sebebinen du`nyada adam, ja`miyet, ta`biyattın` o`z-ara ta`siriinin` na`tiyjelikke iye bolıw problemaası aktual ma`sele bolıp tur ha`m onın` sheshiminen insaniyattın` keleshegi g`arezli bolmaqta.

İnsaniyat ja`miyeti biosferag`a ta`sir etiwdin` mu`mkin bolg`an sheginen shıg`ıp, onın` strukturalıq mazmunın ıdıratpaqta. Al ja`miyettin` ha`m ta`biyattın` nızamların uyreniw adamzattın` qawipsiz kelshegin ta`miynlew ushın maqsetke

bag`darling`an ha`m sanalı iskerliktin` tiykarg`ı postulatların islep shıg`ıwda za`rur.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısının` uyreniliw da`rejesi.**

Ja`miyettin` rawajlanıwın anıqlaushı faktor adamnın` intellekti bolıp, bull protsesstin` maqsetin «ja`miyet-ta`biyat» sistemasın saqlaw beredi. Bull problemanın` ha`r qıylı aspektlerin İ.Mayburov, A.Chumakov, Yu.Yakovets, O.Yanitskiy, V.Danilov-Danilyan ha`m basqalar izertlegen.[1]

**İzertlew obekti.** Ta`biyat ha`m ja`miyet nızamları alıp qaraladı.

**İzertlew predmeti.** Quramalı sistemalar teoriyası kontekstinde ta`biyat ha`m ja`miyet nızamlarındag`ı ulıwmalık ha`m o`zgesheligi uyreniw beredi.

**İlimiy jumıstın` maqseti.** Ta`biyat ha`m ja`miyet arasındag`ı qarım-qatnas problemasın korsetiw. Keyingi sorawdı ko`rip shıg`ıw: Qalayınsha ta`biyiy balanstın` buzılıwın, ta`biyiy resurslardı oysız paydalanıwdı, da`rya ha`m suw saqlag`ıshlarının` pataslanıwın toqtatıw mu`mkin, qalayınsha adamzat tirishiliginin` ekologiyalıq taza sharayatların qayta tiklew mu`mkin?

Bunnan tısqarı, to`mendegi wazıypalar belgilengen:

- Quramalı sistemalar teoriyası kontekstinde ja`miyet ha`m ta`biyattın` nızamların teoriyalıq jaqtan analiz qılw;
- Ja`miyet ha`m ta`biyattın` birge rawajlanıw ta`rtibinin` ko`rsetkishlerin anıqlaw, sol tiykarda tsivilizatsiyalıq rawajlanıwdın` mu`mkin bolg`an bag`darın belgilew;

**Pitkeriw qanigelik jumısımızdın` teoriyalıq ha`m metodologiyalıq derekleri** izertlewdin` obekti, predmeti, maqset ha`m wazıypaları menen anıqlanadı. Sistemalıq izertlew metodologiyasınan, teoriyalıq modellestiriw, adamzattın` rawajlanıwında ta`biyat h`am ja`miyettin` dialektikalıq birligi metodları jumıstı jazıwda basshılıqqa alındı. Sotsiallıq filosofiya, filosofiya,

[1] Майбуров И. Устойчивое развитие как коэволюционный процесс//Общество и экономика. 2004. №4. с.124-143; Чумаков А. Философия глобальных проблем. М. 1994; Яковец Ю. Формирование постиндустриальной парадигмы: истоки и перспективы//Вопросы философии. М. №1, 1997. Его же. История цивилизации. М. 1995; Яницкий О. Экологическая социология как риск-рефлексия// Социологические исследования. 1999. №6. с.50-60; Хошимова Э.С., Расулаева Г.Х. Экология: гоя, назария, методология. Тошкент. 2005; Бердимуратова А.К. Философско-методологический анализ экологического кризиса на пороге XXI века (на материалах Приаралья). Ташкент. 1999.

sotsiologiya ha`m basqa da tarawlardag`ı alıng`an teoriyalıq juwmaqlardan, izertlewlerdin` na`tiyjelerinen paydalandıq.

**Pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` teoriyalıq ha`m praktikalıq a`hmiyetin** izertlew barısında alıng`an na`tiyjelerdi ha`zirgi zaman globallıq problemaları boyınsha arnawlı kurslardı o`tkende, ta`biyattanıw ilimlerinin` filosofiyalıq problemaları, sotsiallıq filosofiya, sotsiallıq ekologiya kursların oqıtqanda, ken` ja`miyetshilik arasında u`git-na`siyatlaw jumısların ju`rgizgende qosımsha material retinde ken`nen paydalanıwg`a boladı.

**Pitkeriw qanigelik jumısının` strukturası** kirisiw, 8 paragraftı o`z ishine qamtıg`an 2 baptan, juwmaqlaw, qosımshalar (jumıstın` tiykarg`ı mazmunın sa`wlelendirgen slaydlar) ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

# I Bap. Ta`biyat ha`m ja`miyet nızamları: ulıwmalıq ha`m ayirmashiliq ma`selesi

## 1. Ta`biyat nızamlarının` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri

Du`nyanın` bolmısı o`zgerislerdin` man`gi ta`kirarlanıp turıwınan ibarat. Bull ta`kirarlanıwlar bolsa o`z a`hmiyeti ha`m qa`siyetlerin saqlap qalg`anlıg`ınan nızam ha`m nızamlılıq tu`sin alg`an.

Nızam o`zi ne?, Ol insan, ha`m ulıwma ja`miyet, ta`biyat turmısında qanday a`hmiyetke iye? Nızamdı bilmesten, u`yrenbesten turıp jasaw mu`mkin be?

Nızam tu`sinigi ku`ndelikli turmısımızda tez-tez isletip turılatug`ın tu`sinik esaplanadı. Mısalı, fizika yamasa ximiya nızamları deymiz, ta`biyat nızamı yamasa ja`miyet nızamı x.t.b. Joqarıdag`ılardı birlestirip turatug`ın, ha`mmesi ushın ulıwma bolg`an qa`siyetler bar.

Nızam – na`rse ha`m ha`diyseler ortasındag`ı a`hmiyetli, za`ru`riy, turaqlı, ta`kirarlanıwshı mu`na`sebet. Bull mu`nasebet obektiv waqıyalıqqa tiyisli bolsa, ol waqıyalıq nızamları dep ju`ritiledi. Waqıyalıq nızamlarının` insan ta`repinen u`yrenilip, belgili teoriyalıq tilge ko`shiriliwi pa`n nızamları dep ataladı. Pa`n nızamları, o`z na`wbetinde, sa`wlelendiriwshi obektine ko`re, ta`biyat nızamları, ja`miyet nızamları, oy-pikir nızalarına bo`linedi.

Tosınnan yamasa o`tkinshi mu`nasebetler bolsa nızamdı tiykarlawg`a jeterli emes. Za`ru`riylik nızamnın` a`hmiyetli belgisi bolıp tabıladı, sebebi onnan kelip shıg`atug`ın na`tiyjelerdin` ju`z beriwi so`zsiz. Nızam tu`siniginin` ma`nisi nızamlılıq tu`sinigine jaqın turadı. Nızamlılıq nızamnan parıqlı rawishte sistemanın` o`zgerislerindegi turaqlı ta`replerin ha`m jo`nelislerin sa`wlelendiredi. Sol sebepli, pa`nde statistikalıq ha`m dinamikalıq nızamlılıqlarg`a tayanıp is ju`ritiledi. Dinamikalıq nızamlılıqlarda u`yrenilip atırg`an protsesslerdin` keleshegi anıq, bir qıylı ko`riniste boljanadı, yag`nıy sistemanın` keleshektegi jag`dayı onın` aldıng`ı jag`dayı menen tıg`ız baylanısqan boladı. Statistikalıq nızamlılıqlarda bolsa protsesslerdin` keleshegin boljaw itimal formasında bolıp, belgili mug`dardag`ı tosınlıqlar ishinen ju`z beriwi mu`mkin bolg`an itimallar na`zerde

tutıladı, yag`nıy bunda bir qansha o`z-ara baylanısqan baylanıslar ishinen ju`z beriwi mu`mkin bolg`an imkaniyat da`rejesi itimallıq penen shamalap alınadı. Nızamlar obektler ortasındag`ı, sistema rawajlanıwının` tu`rli jag`dayları ha`m basqıshları arasındag`ı baylanıslardı sa`wlelendiredi. Nızamlar o`zinin` ulıwmalıq da`rejesi ha`m ta`sir etiw shen`berine ko`re, jeke, ulıwma ha`m en` ulıwma nızamlarg`a bo`linedi.

Jeke nızamlar na`rse ha`m ha`diyseler arasındag`ı tar shen`berdegi baylanıslardı funktsional ta`rizde sa`wlelendiredi.

Ulıwma nızamlar  na`rse ha`m ha`diyselerdin` ulıwma qa`siyetleri arasındag`ı mu`nasebetin, al ulıwma nızamlar ta`biyat, ja`miyet, oy-pikir rawajlanıwının` en` ulıwma mu`nasebetlerin, ta`replerin, rawajlanıwın, tendentsiyaların sa`wlelendiredi. Pu`tkil a`lem ta`rtılıwı nızamı ulıwma nızamg`a, a`lemnin` rawajlanıw nızamları en` ulıwma nızamg`a mısal bolıwı mu`mkin. Ulıwma nızamlar menen jeke nızamlar arasında o`z-ara baylanıs bar. Ulıwma nızamlar jeke nızamlar arqalı a`mel qıladı, jeke nızamlar ulıwma nızamlardın` bir ko`rinisi bolıp, obektiv xarakterge iye.

Nızamlar, birinshiden, na`rse ha`m ha`diyseler ha`m olar arasındag`ı mu`nasebetlerdin` ma`nisi, sebebi, kelip shıg`ıwı, rawajlanıw tendentsiyasın tu`sindiredi; ekinshiden, nızam ha`diysedegi rawajlanıw tendentsiyası ha`m jo`nelisin sa`wlelendiriw arqalı protsesslerdin` keleshegin boljaw funktsiyasın atqaradı.

Ta`biyat ha`m ja`miyet nızamları obektiv protsesslerdi sa`wlelendiredi. Eger ta`biyat nızamları bizge stixiyalı ta`rizde bolıp ko`rinse, ja`miyet nızamları bolsa insanlardın` sanalı iskerliginde ko`zge taslanadı. Nızamlardı biliw tiykarında keleshek haqqında boljaw, ta`biyiy ha`m ja`miyetlik protsesslerdi basqarıw mu`mkin.

İnsaniyat a`zel-a`zelden ja`maa bolıp jasaydı, jer planetası onın` ma`ngi ma`kanı, ulıwma Watanı. Quyash sitemasındag`ı usı planetada jasap atırg`an adamlar shan`arag`ın ja`miyet dep ataw a`det tu`sine kirgen. Demek, ja`miyet adamzattın` o`miri, turmısı o`tken hamme da`wiri, orın ha`m aymag`ı menen

baylanıslı ba`rshe o`zgeris ha`m protsesslerdi sa`wlelendiredi. Sonın` menen birge, bir ma`mleket aymag`ındag`ı adamlar turmısı, tsivilizatsiyasının` belgili da`wirlerindegi turmısqa tiyisli ha`m usı tu`sinik qollanıladı. Ha`r qanday jag`dayda da, ol ulıwma tu`sinik bolıp, ayırım adam ha`m jeke shaxs ja`miyet ag`zası dep ataladı.

Ja`miyet – ta`biyattın` bir bo`legi, yag`nıy ja`miyetlik barlıq bolıp, adamlar birlespesinin` arnawlı forması, insanlar arasında a`mel qılatug`ın ju`da ko`plep mu`nasebetler jıyındısı, degen tu`rlishe ta`riypler bar. Ja`miyet tınımsız rawishte rawajlanıwshı, jetilisip barıwshı quramalı sistema bolıp tabıladı. Ha`r bir jan`a da`wirde ja`miyet ma`nisin biliw za`ru`riyatı payda boladı. Milliy g`a`rezsizlik sebepli ja`miyet ma`nisin jan`asha tu`siniw za`ru`rligi payda boldı. Prezident İ.Karimovtın` bir qatar shıg`armalarında ja`miyet ma`nisin jan`asha tu`siniwdin` uslıbiy tiykarları jaratıldı.

Adamlar o`zlerinin` materiallıq ha`m ruwxıy mu`tajliklerin qanaatlandırıw ushın birgelikte jasawg`a, ja`miyet bolıp birlesiwge ko`nikken. İnsanlar turmıslıq ta`jiriybe, aqıl ha`m oyı na`tiyjesinde ja`miyet bolıp jasawdın` qolay, abzallıq ha`m za`ru`rligin tu`singen. Bull protsesste o`z-ara mu`nasebetlerge kirisken insanlar sol mu`nasebetlerdi jetilistiriw ha`m rawajlandırıw arqalı ruwxıy ka`milikke erisken. Bull insanlardı bir-biri menen jaqınlastırg`an, materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw imkanın bergen. Ja`miyetlik mu`na`sebetlerdin` a`mel qılıwı protsessinde adamlardı birlestiriwdin` tariyxıy formaları – shan`araq, ma`mleket, awıl, qalalar payda bolg`an. Adamlar arsında a`mel qılatug`ın a`dep-ikramlıq, diniy, ilimiy, filosofiyalıq, huqıqıy, ekonomikalıq, ideologiyalıq kibi mu`na`sebetlerdin` ba`rshesi bir so`z benen ja`miyetlik mu`nasebetler dep ataladı. Ja`miyetlik birlespeler insanlardın` materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwg`a ja`rdem beredi.

İnsannın` materiallıq mu`ta`jlikleri azıq-awqatlar, kiyim-kenshek, u`y-jay, transport, o`zin qorg`aw, zu`rriyat qaldırıwlardan ibarat. Ruwhıy mu`ta`jliklerge a`lemdi biliw, o`zlikti an`law, du`nyaqaras, danıshpanlıqqa umtılıw, bilim, iskusstvo, ideya, go`zallıq, ruwxıy ka`millik jolındag`ı umtılıwlar kiredi. İnsannın`

tu`p ma`nisi materiallıq za`ru`rliklerin ma`deniy formalarda qanaatlandırıwında anıq ko`zge taslanadı. İnsan mu`ta`jliklerin ma`deniy formalarda qandırıw ushın ta`biyat ha`m ja`miyet ma`nisin biliwge, materiallıq ha`m ruwxıy a`lemdi uyg`ınlastırıwg`a, ta`biyat ha`m ja`miyetti o`z maqsetlerine mas ra`wishte o`zgerttiriwge ha`reket qıladı. İlim-pa`n ha`m texnika insannın` ruwxıy ha`m materiallıq mu`ta`jliklerin ma`deniy formalarda sanalı ha`m tolıq qanaatlandırıw imkanın jaratıp beredi.

Ja`miyettin` materiallıq turmısına to`mendegiler kiredi:[1]

- İnsanlardın` jasawı, shaxs sıpatında kamal tabıwı ushın za`rur bolg`an ekonomikalıq sha`rt-sharayatlar;
- Azıq-awqat, kiyim-kenshek, turar-jay, janılg`ı, kommunikatsiya usılları;
- Materiallıq zatlar islep shıg`arıw, bo`listiriw ha`m paydalanıw;
- İslep shıg`arıw protsessinde insanlar arasında a`mel qılatug`ın ekonomikalıq mu`na`sebetler toplamı;
- Materiallıq baylıqlar, ta`biyiy resurslar.

Ja`miyettin` ruwxıy turmısına a`lemdi tu`siniw, ja`miyet ha`m insan tuwrısındag`ı ko`z-qaraslar, teoriyalar, ta`liymatlar, ideyalar, ideologiya, ja`miyetlik sana formaları, ta`lim-ta`rbiya, xabar usılları, ma`deniyat, ilim-pa`n sho`lkemleri ha`m tag`ı basqalar kiredi.

Ja`miyet rawajlanıwı, insanlardın` materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerinin` qanaatlandırılıwında miynet, mu`lk ha`m miynettin` ja`miyetlik bo`listiriliwi ayırıqsha a`hmiyetke iye. Miynettin` insanlardın` qabiletine qarap ja`miyetlik bo`listriliwi na`tiyjesinde belgili bir ka`sip penen shug`ıllanatug`ın taypalar, topar, qatlam ha`m klasslar payda boladı ha`m olar ja`miyet strukturasında o`zine ta`n orın iyeleydi, jamiyet rawajlanıwına u`les qosadı.

[1] https://uz.wikipedia.org/ wiki/Qonun
Uzsmart.ru/library/
www.titli.uz/

Filosofiyalıq pikir tariyxında ja`miyettin`` ma`nisi ha`m rawajlanıwına tiyisli tu`rli teoriyalar bar. Solardın` ishinde, nemis filosofı Gegel ja`miyettin` qa`liplesiwi ha`m rawajlanıwı sebeplerin absolyut ruwxtın` rawajlanıwı menen, Feyerbax din menen baylanıstırg`an, ja`miyetlik rawajlanıw sebeplerin diniy sana rawajlanıwınan izlegen. Sotsiallıq kelispewshiliklerdi jasalma ta`rizde absolyutlestirgen ha`m kelispewshiliklerdi sheshiwdin` tiykarg`ı usılı sıpatında ja`miyetlik ınqılaptı a`melge asırıwdı, mu`lkdarlar klassın joq qılıwdı usınıs etken. Ja`miyetlik a`meliyat bunday teoriyanın` bir jaqlama ha`m qa`te ekenin ko`rsetedi.

Ja`miyet turmısına turaqlılıq ha`m turaqsızlıq ta`n na`rse. Ha`r bir insan o`z aldına qoyg`an maqsetlerine erisiw ushın tınıshlıqqa mu`ta`j bolg`anı sıyaqlı, ja`miyet ha`m o`z aldına qoyg`an wazıypaların a`melge asırıw ushın ja`miyetlik-siyasiy turaqlılıqqa za`ru`rlik sezedi.

Turaqlılıq – ja`miyetlik sistemanın` belgili da`rejedegi bir tegis iskerlik ko`rsetiw imkaniyatı bolıp tabıladı. Ol turg`ınlıq tu`siniginen keskin parıq qıladı. Ja`miyetlik-siyasiy turg`ınlıq tu`sinigi ja`miyettegi bar bolg`an siyasiy, ekonomikalıq, ruwxıy sistemanın` krizisli belgisi bolıp esaplanadı.

Ja`miyette turaqlılıq turaqsızlıq penen, krizis gu`llep-jasnaw menen almasıp turıwı da mu`mkin. Ja`miyettin` ruwxıy, ekonomikalıq, siyasiy, huqıqıy tarawlarında belgili bir jetiskenliklerge eriskennen son`, sotsiallıq imkaniyatlar reallıqqa aylang`annan keyin, onın` bunnan keyingi rawajlanıwı jolında jan`a problemalar tuwıladı ha`m olardı sheshiw wazıypası payda boladı. Ja`miyet ag`zalarının` ruwxıy jag`dayı, milliy psixologiyası, ta`biyiy ra`wishte hu`kim su`rip turg`an siyasiy sistema adamlardı basqarıwdın` o`zine ta`n usılların turmısqa endiredi. İnsaniyat turmısı tariyxında ja`miyet turaqlılıg`ın ta`miyinlewdin` monarxiyag`a tiykarlang`an, aristokratiyalıq, totalitar ha`m demokratiyalıq usılları ta`jiriybeden o`tken.

Turaqsızlıq ishki ha`m sırtqı protsess ha`m qawipler na`tiyjesinde payda boladı. Turaqsızlıq bir ja`miyetlik-siyasiy sistemadan basqa bir ja`miyetlik-siyasiy sistemag`a otiw dawirinde keskinlesiwi mu`mkin. Ja`miyet turaqlılıg`ının` izden shıg`ıwı insanlar psixologiyasındag`ı unamsız o`zgerislerde, nızamlardın`

islemesliginde, ja`miyetlik minnettin` atqarılmawında, ja`miyetlik ideallardın` jog`alıwında, ideya ha`m ideologiyag`a biypa`rwalıqtın` ku`sheyiwinde, tu`rli jınayı toparlardın` payda bolıwında, ja`miyetlik a`dalat printsiplerinin` buzılıwında, ma`mleket sho`lkemlerinin` xalıqtı basqarıw qabileti ku`shsizleniwinde, tu`rli kelispewshiliklerdin` keskinlesiwinde o`z sa`wlesin tabadı.

Ma`mleket – ja`miyetti basqarıw, ta`rtipke salıw, ja`miyetlik turaqlılıqtı ta`miyinlewge qaratılg`an o`z aldına bir sho`lkem bolıp esaplanadı. Ma`mleket ulıwmainsaniy qa`driyat, insaniyat ruwxıy rawajlanıwının` a`hmiyetli jetiskenligi. Ja`miyet ruwxıy sferasının` rawajlanıp barıwı menen siyasiy basqarıw formaları ha`m usılları ha`m jetistirilip barıladı.

Prezident İ.Karimov ta`repinen islep shıg`ılg`an rawajlanıwdın` o`zbek modeli kontseptsiyasının` a`melge asırılıwında ma`mleket sheshiwshi orın tutadı. Ma`mleketimizdin` siyasiy, huqıqıy turmısında a`melge asırılıp atırg`an reformalar siyasiy basqarıwdı ja`ne de jetilistiriwge, jurtımızda huqıqıy demokratiyalıq ja`miyet qurıwg`a, ku`shli ma`mleketten ku`shli ja`miyetke o`tiwge qaratılg`an.

Bizin` pikirimizshe milliy ha`m xalqara ekologiyalıq-huqıqıy o`lshemlerdi islep shıg`ıwdan aldın u`sh tiykarg`ı ma`seleni anıqlastırıp alıw da`rkar. Birinshisi – ta`biyatqa tiyisli ja`miyettin` (konkret ma`mleket ha`kimiyatının`) mu`na`sebet formasın anıqlap alıw; Ekinshiden – ja`miyet ha`m ta`biyat arasındag`ı o`z-ara mu`nasebetlerge tiyisli kontseptsiyasın islep shıg`ıw; Ushinshisi – usı mu`na`sebetlerdi a`melge asırıwdın` tiykarg`ı printsiplerin (qag`ıydaların) belgilew. Bull bayan etilgen u`sh wazıypanı orınlamaw ekologiyalıq-huqıqıy o`lshemlerdi birden bir maqsetke xızmet qılmawına ha`m aqıbetinde nızamlardın` tez-tez o`zgerip turıwına, ekologiyalıq o`lshemlerdin` a`meliyatqa engiziliwinin` qıyınlasıwına sebep boladı.

Solay etip, biz ta`biyat ha`m ja`miyet arasındag`ı tu`rli mu`na`sebet formaların ko`rip shıqtıq. Biraq, insanlardın` ta`biyatqa degen ko`z-qarasları, olardın` xarakterine usap, tu`rlishe bolıwı ta`biyiy jag`day. İnsanlardın` ko`z-qarası, - degen edi Abu Nasır Farabiy, - olardın` sırtqı ko`rinisine usap tu`rlishe

boladı ha`m bull paziylet olardın` ilimine, turmıs ta`rizine, jasaw ortalıg`ına tuwrıdan-tuwrı baylanıslı. Biz ha`m ullı orta a`sir filosofı Farabiy pikirine tolıq qosılıp ekologiya barısındag`ı ko`z-qaraslar sitemasın ko`rip shıg`amız. Ullı rus ekolog alımı N.F.Reymers ekologiya ken` ma`nide «insanlardın` jasap ketiwi haqqındag`ı ta`liymat» dep biykarg`a aytpag`an. Sebebi insanlardın` shegaralang`an Jer planetasında jasaw mu`ddeti olardın` ekologiyalıq ko`z-qarası ha`m bull ko`z-qaraslardın` a`meliyatta en`gize alıw imkaniyatı menen belgilenedi.

Ekologiyalıq kontseptsiya – ta`biyat ha`m ja`miyettin` o`z-ara ta`siri tuwrısındag`ı ko`z-qaraslar sisteması, yag`nıy ja`miyet nızamları menen ta`biyat nızamlarının` o`z-ara ha`reket jo`nelisleri ornı, a`hmiyeti ha`m ma`nisi haqqındag`ı ko`z-qaras.

Ja`miyet nızamları – insanlardın` is-ha`reketlerin yamasa qanday da bir obektke tiyisli mu`nasebetin belgileytug`ın huqıqıy-o`lshemler jıyındısı.

Ta`biyat nızamları – insanlardı orap turıwshı ta`biyiy ortalıkta bolıp otetug`ın waqıya, ha`diyse, protsesslerdin` ja`miyet nızamlarına boysınbaytug`ın ha`m insanlar iskerligisiz o`mir su`re alatug`ın qubılıs. Ta`biyat nızamlarına: ta`biyiy printsiplerdin` birgelikte ha`reket qılıwı, ta`biyiy zatlardın` (suw, energiya, kislorod, uglerod…) u`lken ha`m kishi aylanısı, zat ha`m energiya saqlanıwı, ta`biyiy resurslardın` kemeyip barıwı, evolyutsion tezleniw, tiri organizmlerdin` evolyutsion rawajlanıwı x.t.b.

Tanıqlı ekolog-huqıqtanıwshı alım V.V.Petrov usı ku`nge shekem bolg`an ekologiyalıq ko`z-qaraslardın` ma`nisi ha`m mazmunı boyınsha 10 ko`rinisin ajıratadı: naturalistlik, paydalanıwshılıq, alarmizm, ekologiyalıq krizis sebepleri, ha`reketler strategiyası, o`siw ha`m organikalıq rawajlanıw, global basqarıw, ekologiyalıq revolyutsiyalar teoriyası, qorg`aw ha`m rawajlanıw, sotsialistlik.

Naturalistlik kontseptsiya – ja`miyetten u`stin turıwshı ta`biyattı ilaxiy ku`sh, dana jaratıwshı, ideal barlıq dep qaraytug`ın filosofiyalıq ag`ımlar ha`m mektepler. Bunday ko`z-qaraslar sisteması ta`biyat ha`m ja`miyet arasındag`ı mu`nasebetlerdin` a`piwayı ha`m a`piwayı-ekonomikalıq forması da`wirindegi insanlarg`a ta`n du`nyaqaras. Sonın` ushın ha`m olardın` qudayı suw, ot, jer ha`m

basqa ta`biyat obektleri yamasa ha`diyseleri bolıp kelgen. Olar usı ortalıqta ta`biyattın` bir bo`legi sıpatında jasap kelgen ha`m o`zgeshe jasawdı tu`sine almaydı da.

Qa`dimgi a`psanalarg`a ko`re, Jer okean ishinen shıg`ıp kelgen ha`m bull Jer ju`zesinde adamlar payda bolg`an. Sonın` ushın da Qa`dimgi Qıtay mifologiyasında suw o`mirdin` Ana bası, Jer bolsa onın` jemisi-erkesi dep aytılg`an. Olar bull eki ta`biyat obektin quday qılıp ko`rsetken, olarg`a isengen ha`m sıyıng`an.

Naturalistlik kontseptsiyag`a qarama-qarsı ko`z-qaras paydalanıwshılıq kontseptsiyası – ja`miyet nızamların ta`biyat nızamlarınan u`stin yamasa insanlardı ta`biyat u`stinen hu`kimranlıq ideyasın alg`a su`redi. Bunday ideya ta`repdarları ja`miyetti ekonomikalıq mu`nasebet formasına alıp kelgen. Bul ag`ımg`a kiriwshiler tiykarınan bazar mu`nasebetleri qaliplese baslag`an kapitalizmnin` baslang`ısh da`wirinde turg`an «jan`a biznes» iyeleri bolıp tabıladı. Olar haqqında ullı amerikalıq jazıwshı Djek London o`zinin` o`lmes shıg`armalarında so`z etken ha`m altın izinen quwıp pu`tkil barlıq ta`biyattı tek g`ana olardın` ekonomikalıq talapların qandırıw deregi dep qarag`an. Ha`zirgi ku`nde Rossiyadag`ı «neft» ha`m «gaz baronları» ha`m bularg`a anıq mısal bola aladı. Olar ushın baylıq birlemshi, ta`biyat ha`m insanlar o`miri ekilemshi.

İnsanlar ha`m ta`biyat arasındag`ı ekonomikalık mu`nasebet ko`rinisi bunnan 20-30 jıl aldın keskin ekologiyalıq krizislerge alıp keldi. Bunın` ha`mmesi xalıq arasında ma`mlekettin` basqarıw siyasatına tiyisli qarama-qarsı ha`reketlerdi ju`zege keltirdi. A`tirap ta`biyiy ortalıg`ının` jamanlasıwı ha`m SPİD kibi awır keselliklerdin` payda bolıwınan ta`shwishke tu`sken insanlar ekologiyalıq partiya ha`m ja`maat ha`reketleri, sho`lkemlerin du`zdi. Olardan biri «Alarmizm» shiler, yag`nıy «alarm» nemis ha`m ingliz tilinde ta`shwish, qorqınısh, qaweter degen ma`nini an`latadı. Olar tiykarınan rawajlang`an ma`mleketlerde (Germaniya, Angliya, Frantsiya, Avstriya, Rossiya, AQSh, İspaniya…) iskerlik ko`rsetip kelmekte. Maqsetleri – ta`biyiy ortalıqta bolıp atırg`an unamsız protsess, ha`diyse ha`m waqıyalardın` ma`nisin ashıw ha`m noekologiyalıq siyasatqa qarsı ashıqtan-

ashıq gu`resiw. Alarmizm ta`repdarları o`zlerinin` ko`z-qarasları boyınsha eki ag`ımg`a bo`linedi: pessimistlik ko`z-qaraslar – adamlardın` jasaw ortalıg`ın ju`da qorqınıshlı etip ko`rsetip, ha`zirgi tsivilizatsiya so`zsiz ekologiyalıq kriziske alıp keledi dewshiler; optimistlik ko`z-qaraslar – tek demokratiyalıq (puqaralıq) ja`miyeti ha`m erkin bazar g`ana ekologiyalıq krizistin` aldın alıwı mu`mkin dewshiler.

Alarmizm ta`repdarları ma`lim bir partiyag`a birlespegen ha`m anıq bir ko`z-qarasqa iye emes, biraq ekologiyalıq krizistin` aldın alıwg`a bar ku`sh ha`m bilimlerin sarp qılıp atırg`an alımlar, isshiler, sport tarawında iskerlik qılıp atırg`an tu`rli ka`sip iyeleri bolıp, olar «Grinpis», «Jasıllar partiyası», «Kedr» sıyaqlı ag`ımlarg`a birlesken. Olardın` sanı 10 nan asıp ketken ha`m o`z saplarına 30 mln. nan artıq adamlardı birlestirgen.

Alarmizmshilerge jaqın bolg`an ko`z-qaras – ekologiyalıq krizis sebepleri kontseptsiyası. Olar ha`m ekologiyalıq krizistin` kelip shıg`ıwı sebeplerin ilimiy-texnikalıq rawajlanıw ha`m xalıq sanının` tez ko`rinislerde asıp ketiwi dep biledi. Tsivilizatsiya ha`m demografiyalıq partlaw ekologiyalıq qawipsizlik da`rejesine keri proportsional rawishte ha`m ta`biyiy resurslarg`a baylanıslı xalıq sanın uyg`ınlastırıw kerek degen. Bunday ta`dbirlerdi alıp barıw ha`r bir ma`mlekettin` ekonomikalıq korsetkishleri, ta`biyiy sharayatı ha`m resursları imkaniyatlarına sa`ykes rawishte alıp barılıwı kerekligin aytadı.

İlimiy-texnikalıq revolyutsiya ha`m demografiyalıq partlaw aqıbetinen shıg`ıp ketiwdi ma`slaxat etiwshi batıs ilimpazlarının` ha`reketler strategiyası ta`repdarları u`sh joldı maqul ko`rmekte. Bull joldag`ı ko`z-qaraslar sisteması: ta`biyatqa aralaspaw; probleması bar ta`biyat nızamlarına hu`jim qılıw yamasa aralasıw; qorshag`an ortalıqqa adamlardı maslastırıw arqalı insaniyat ja`miyetin basqarıw.

Ta`biyatqa aralaspaw – kontseptsiyasın ha`reketsizlikler strategiyasına kirgiziw mu`mkin. Sebebi, birinshiden, - ekologiyalıq sistemalardın` ayırım aymaq ha`m territoriyalarda buzılg`anlıg`ına biyparıq, aralaspastan qarap turıwg`a bolmaydı. Ekinshiden, - Jer planetasında jasap atırg`an 7 mlrd. Xalıqtın`

materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerin qandırıwg`a ma`jbu`rmiz. Ta`biyatqa aralaspaw printsipin o`z aldına bir qorg`alatug`ın ta`biyiy aymaqlar – biosfera qorıqxanası ha`m qorıqxanalarda a`melge asırsa boladı, biraq massalıq ta`rizde ta`biyattan ajıralg`an halda insanlardın` turmısın ko`z aldıg`a keltiriw qıyın.

Mashqalası bar ta`biyat nızamlarına hu`jim qılıwdı jaqlap shıg`atug`ınlar pikirleri aralaspaw kontseptsiyasındag`ı pikirlerge qarama-qarsı bolıp, olar ta`biyat nızamların, ilimiy-texnikalıq revolyutsiya jetiskenliklerinen paydalang`an xalda, insan o`miri ushın xızmet qılatug`ın da`rejede o`zgertiwdi usınıs qıladı. A`tten bull ag`ım ta`repdarları ta`biyat nızamlarının` ja`miyet nızamlarınan aldın qalipleskenligin, tiri organizmler bolsa usınday ta`biyat protsessleri arqalı payda bolg`anların ha`m rawajlang`anlıg`ın inkar etedi, ha`zirgi ko`rinistegi tiri janzatlardı (solar qatarında insanlardı) genetikalıq o`zgerttirip jiberiwge boladı dep esaplaydı. Bunday jag`day kinoko`rsetiwlerde ken` ko`rsetilip atırg`an «mutant» adamların ha`m haywanlardı ju`zege keltiredi ham` ta`biyiy sitemanı isten shıg`aradı.

A`tirap ta`biyiy ortalıg`ına adamlardı maslastırıw arqalı ekologiyalıq krizisten shıg`ıp ketiwdi ma`slaxat etiwshiler bir ta`repleme ekologiyalıq sistemalardı sırtqı ku`shlerge qarsı turıw (buferlik) ha`m o`z-o`zin tiklew nızamlılıqlarına isengen halda insanlardın` ha`reket shen`berin sog`an sa`ykes rawishte alıp barıwdı ma`slaxat etse, ekinshi ta`repten adamlardı tariyxıy qorshag`an ortalıqqa maslastırıp barıwdın` evolyutsion protsesslerin jedellestiriwdi jaqlap shıg`ıwshılar esaplanadı. Bul kontseptsiya ta`repdarları ta`biyat nızamların ja`miyet nızamlarına ko`shiriwge urınıp atırg`anlar desek qa`te pikir bolmasa kerek. A`tten bul nızamlar ha`zirgi insaniyat tariyxıy basqıshında ko`binshe bir-birine qarsı ha`m biri ekinshisin biykarlawı mu`mkin. Ma`selen, atom energiyasınan ken` ko`lemde paydalanıw ha`m kosmoslıq izertlewlerdi teren`lestiriw da`stu`rleri ekologiyalıq sistemalardın` saqlanıw nızamlıqları menen qarsı bolg`an ha`reketler taypasına kiredi. İnsanlardın` o`zgerip atırg`an ta`biyiy ortalıqqa maslasıwı revolyutsion ta`rizde emes evolyutsion ta`rizde, ta`biyiy tan`law arqalı a`melge asıwı bul protsess emes, al nızamlılıq bolıp esaplanadı.

Ta`biyat insannın` bir bo`legi emes, al insan ta`biyattın` bir bo`legi ekenligin xesh qashan biykar qılıp bolmaydı.

O`siw shegarası ha`m organikalıq rawajlanıw kontseptsiyası ta`repdarları Jer planetası resursları imkaniyatlarına sa`ykes tu`rde, ilimiy-texnikalıq ha`m insanlardın` o`siw shegarasın belgilew yamasa bunday ilimiy tiykarlang`an o`siwdi shegaralaw ma`lim bir region (aymaq), territoriya yamasa administrativlik shegarada a`melge asırıwdı ma`slaxat etedi.

A`tten, ilimiy-texnikalıq jaqtan rawajlanbastan turıp ele beri tez ko`rinislerde o`sip baratırg`an xalıqtın` turmıslıq za`ru`rliklerin qanaatlandırıp bolmaydı. İlim pa`ndi «konservatsiya» qılıw ha`m adamlardın` o`siwin «nol» variantqa tu`siriw 5-10 jıllıq ta`dbir emes. Bull protsess uzaq ha`m u`lken ku`sh talap qılatug`ın ta`dbirlerden biri esaplanadı. Sebebi bul ma`seleni birinshi na`wbette xalqı tez o`sip baratırg`an ha`m musılman diniy isenimi ku`shli bolg`an ma`mleketlerde a`melge asırıw kerek boladı ha`m bul ju`da qıyın is bolıp tabıladı. Biraq «Rim klubı» ag`zalarının` modeli (bunın` filialı «Tashkent klubı») du`nya ekonomikasının` ma`lim bir tiptegi regionlarında ilimiy-texnikalıq jetiskenliklerdi turmısqa ken` en jaydırıw ha`m shan`araqtı rejelestiriwdi sol jerdegi ekonomikalıq, ma`deniy, tariyxıy, ruwxıy jag`day da`rejesine qarap turıp o`siw ha`m organikalıq rawajlanıwdı sheklewdi ma`slaxat etedi.

Global basqarıw kontseptsiyası – a`tirap ta`biyiy ortalıq komponentleri birden bir sistemada ha`reket qıladı ha`m olar ajıralmaydı degen ideyanı alg`a su`redi. Sonın` ushın ha`m a`tirap ta`biyiy ortalıqtı saqlap qalıw ma`lim bir aymaq yamasa ma`mleket shen`berinde emes, al xalqara maydanda, pu`tkil du`nya birlespesinin` birgeliktegi ta`dbiri arqalı a`melge asırıwdı jaqlap shıg`adı. Olardın` ta`repdarları ta`biyattı qorg`aw ha`m ta`biyiy resurslardan sanalı paydalanıw ushın ma`mleketler u`stinen turıwshı birden bir sho`lkemdi du`ziwdi ha`m bull sho`lkem tek g`ana basqarıw emes, al qadag`alaw wa`killigine iye bolıwın jaqlap shıg`adı. Olardın` pikirinshe, BMShnın` YuNEP, YuNESKO, VOZ, MOP degen sho`lkemler, ha`zirgi ku`nde tek g`ana ma`mleketlerdin` ekologiya barısındag`ı iskerlikti baqlaydı ha`m faktlardı keltiredi. A`tten, bunday ag`ım ta`repdarları Jer

planetasındag`ı ha`mme ma`mleketlerdin` suveren huqıqı bolg`an ta`biyiy resurslardan o`z nızamlarına sa`ykes paydalanıw imkaniyatların an`satlıq penen berip qoymaytug`ınlıg`ın inabatqa almay atır. Biraq, bizin` pikirimizshe, ekologiyalıq global basqarıw sistemasına insaniyat erte me kesh pe a`lbette jetip baradı. Sebebi ma`lim bir jerdegi ekologiyalıq krizis (Aral ten`izi mashqalası, Chernobıl AES katastrofası, O[ota ten`izinin` radioaktiv zatlar menen za`ha`rleniwi) jergilikli ekologiyalıq krizis emes, al global ta`sir ku`shke iye bolg`an krizis ekenligi ha`mmemizge belgili.

Qorg`aw ha`m rawajlanıw kontseptsiyası ta`repdarları ja`miyettin` ekologiyalıq talapların ekonomikalıq ha`m ja`miyetlik rawajlanıw talaplarına maslastırıwdı usınıs qıladı. Bul ag`ım ko`z-qarasları rawajlang`an «u`lken jetilik» ma`mleketlerinde ken` tarqatılmaqta. Haqıyqattan da, bizin` pikirimizshe, ekologiyalıq ta`dbirler – ekonomikalasqan boladı. Mısal sıpatında, ja`ne bir ma`rte Aral ten`izi mashqalasına kelip toqtaymız. Paxta jeke ha`kimshiliginen O`zbekstanda alıng`an da`ramat (1960-1987 jj.), Aral ten`izi ha`m onın` a`tirapındag`ı ekologiyalıq krizisti saplastırıwg`a ketetug`ın g`arejetten ko`re 7-10 barabar kem. «Ekologiyalıq krizistin` aldın alıw, - deydi nemis ekolog alımı B.Grjimek, - og`an qarsı gu`resten ko`re ba`rhama bir neshe ese arzanıraq».

Ekologiyalıq revolyutsiyalar kontseptsiyası – siyasiy sistema ha`m adamlardın` ekologiyalıq ko`z-qarasların keskin ra`wishte – revolyutsion jol menen paydalanıwshılıq psixologiyasınan ekologiyalıq talaplar shen`berine o`tkiziwden ibarat. Biraq, bul usınıs qanshelli jaqsı bolmasın, bir qag`ıydanı esten shıg`armawg`a ma`jbu`rleydi – insaniyat ja`miyetinde (ta`biyattag`ı sıyaqlı) revolyutsion jol menen qanday da bir ta`dbirdi a`melge asırıw olarda unamsız aqıbetlerdin` kelip shıg`ıwına sebep boladı. Biraq, ha`zirgi ekologiyalıq krizis jag`dayı ekologiyalıq sana, ma`deniyat, oqıw ha`m ta`rbiyanı ken` ko`lemde ha`m jedel ta`rizde alıp barıwdı talap qıladı. Bolmasa, «ta`biyattag`ı sistemalardın` evolyutsion rawajlanıwın arqag`a qaytarıp bolmaydı» degen ta`biyat nızamı o`zinin` unamsız ko`rinislerin saqlap qalıwı ha`m eski unamlı sistemanı tiklew imkaniyatı bolmawı mu`mkin.

Sotsialistlik kontseptsiya ta`repdarları K.Marks ha`m F.Engels ta`repinen ken` ta`riyplengen ko`z-qaras a`tirap ta`biyiy ortalıq jag`dayın inabatqa alıp ja`miyet ku`shlerin bir o`lshemde rejeli rawajlanıwdı jaqlap shıg`adı. A`lbette bull ko`z-qaras a`melde (70 jıl Sovet du`zimi hu`kim su`rgende) o`z sa`wlesin taba almadı. Ta`biyattı qanday da bir ma`mlekette rejeli qorg`aw yamasa onnan paydalanıw ekologiyalıq jag`dayg`a emes, al ekonomikalıq-ja`miyetlik, siyasiy jag`dayg`a qarap alıp barılıwın isbat qıldı. Ta`biyiy resurslardın` anıq esabın alıw ha`m olardan rejeli paydalanı` qanday da bir aymaq yamasa ma`mlekette emes, al pu`tkil bir region yaki Jer planetası boyınsha global halda a`melge asırıw mu`mkin boladı. Joqarıda sanap o`tilgen ekologiyalıq kontseptsiyalardan tısqarı du`nyanın` tu`rli jerlerinde, tu`rli ko`z-qaraslarg`a iye bolg`an ko`z-qaraslar sistemasındag`ı partiyalar, ag`ımlar, ha`reketler, sho`lkemler, jamg``armalar bar. Biraq, bizin` pikirimzshe, ekologiyalıq kontseptsiya – ta`biyat nızamları menen ja`miyet nızamlarının o`z-ara uyg`ınlasqan ha`m ilimiy tiykarlang`an halda rawajlanıwdı jaqlap shıg`atug`ın ko`z-qaraslar sisteması bolıp esaplanadı. Basqa ko`z-qaraslar sisteması noekologiyalıq kontseptsiyalar sistemasına kiredi. Ja`miyet ha`m ta`biyat arasındag`ı ekonomikalıq mu`na`sebet ko`rinisi pa`nde jan`a ta`liymattı – «Ekologiyanı» ju`zege keltirdi. Birinshi ma`rte «ekologiya» so`zin (grekshe «oykos» - uy, jasaw ornı, «logos» - pa`n, ta`liymat) pa`nge nemis biolog alımı Ernest Gekkel ta`repinen alıp kiritilgen. Charlz Darvinnin` tiri organizmlerdin` evolyutsion rawajlanıw nızamlıkların ken` tarqatqan E.Gekkel 14- sentyabr 1866-jılı «Ulıwma morfologiya» kitabının` so`z basında ekologiya haqqındag`ı pikirlerin bayan etken. Bul pa`n tarawı XIX a`sirdin` ekinshi yarımında Evropa kontinentinin` en` rawajlang`an bo`leginde biolog alımlar ta`repinen ta`n alınıwı qurıdan-qurı emes edi, sebebi sol waqıtta sanaatı burqırap rawajlang`an Germaniyada a`tirap ta`biyiy ortalıq jag`dayının` keskin rawishte jamanlasıwı Rur ha`wzesinde ekologiyalıq krizisli wa`ziyattın` ju`zege keliwi, insanlar ha`m tiri organizmler turmısı menen shug`ıllanıwshı biologlardı ta`shwishke salıwg`a ha`m jan`a pa`ndi alg`a su`riwge tiykar boldı.

Solay etip, «Ekologiya» tar ma`nide – u`yimiz haqqındag`ı ta`liymat bolsa, ken` ma`nide – tiri organizmler jasaytug`ın ma`kan haqqındag`ı ta`liymattı an`latadı. Usı ku`nde bul pa`n tarawı tiri organizmlerdin` o`z-ara ha`m olardı qorshap turıwshı ta`biyiy ortalıq penen mu`na`sebetler yamasa baylanıslılıq nızamlıqların u`yrenedi.

Ekologiyaliq jag`day haqqinda g`am shegiw da`rejesi adamlardin` ekologiyaliq ta`limnin` quramliq bo`legi ha`m adamnin` ekologiyaliq sawatlilig`inin` elementi bolg`an ekologiyaliq bilimlerdi teren`lestiriwge bolg`an umtiliwshilig`i ha`m ekologiyaliq-biliwlik ma`plerinin` qa`liplesiwi menen tikkeley baylanisli.[1]

Soraw tuwıladı, ekonomikalıq mu`na`sebet ko`rinisinde ekologiyalıq nızamlar bolg`an ba? Bolg`an bolsa, ne ushın olar bunday krizislerdin` aldın almag`an? Biz aytıp o`tken edik, ja`miyet ha`m ta`biyat arasındag`ı ekonomikalıq mu`na`sebet forması insaniyat tariyxı dawirinin` ju`da` u`lken bo`legin o`z ishine aladı. Qa`dimgi diniy ha`m mistikalıq kitaplarda a`tirap ta`biyat insannın` jasaw ma`kanı haqqındag`ı pikir ha`m oylar, ha`tteki ma`jbu`riy sheklew ko`rsetpeleri bolıp kelgeni haqqında mag`lıwmatlar beredi. Onnan tısqarı, ju`zlep ekologiyalıq nızamlardı o`z ishinde sa`wlelendirgen Sovet nızamshılıg`ı sistemasında ha`m ta`biyattı qorg`aw ha`m ta`biyiy resurslardan u`nemli paydalanıw normaları ko`rsetilgen edi. Biraq, insanlardın` ekonomikalıq za`ru`rlikleri yamasa siyasiy talapları ha`r qanday ekologiyalıq talaptan joqarı edi. Sonın` ushın da ekologiyalıq nızamlar o`z jolında, insanlardın` yamasa ma`mleketlerdin` ba`seke, basqınshılıq, bayıw ha`m qosımsha bazarlardı iyelew siyasatı o`z jolında keter edi.

Ekonomikalıq mu`na`sebet foması da`wirine ta`n ekologiyalıq nızamlardan Mazovlardın` XIII-XIV a`sirlerde «Tog`ay, tur, zubr ha`m tarpanlardı qorg`aw», Litva knyazi Sigizmund II nin` «Volok nızamı»nda balıqlardın` ko`beyiwi da`wirinde aw qılıw qadag`an etilgen. XIV a`sirde Frantsiyada «Suwlar ha`m tog`aylar» arnawlı basqarması du`zilgen bolıp, onın` wazıypası tog`aylardı

---

[1] Berdimuratova A.K., Kushkarov S., Muxammediyarova A. Ekologiyaliq qa`wipsizlik filosofiyasi. (oqiw qollanba). No`kis., ’’Qaraqalpaqstan’’. 2012. 69 bet.

qorg`aw edi. Qa`dimgi Vilgelm patshalıg`ı da`wirinde kiyik, jabayı shoshqa ha`m ha`tteki qoyanlardı o`litgeni ushın adamlarg`a o`lim jazası belgilengen. Biraq bul nızamlar ulıwma a`tirap ta`biyiy ortalıqtı emes, al feodal mu`lkin saqlap qalıw ha`m qorg`awg`a qaratılg`an edi.

Ta`biyattı aymaqlıq qorg`aw tuwrısındag`ı shara-ta`dbirler XVI a`sirde Daniya koroli Xristian III nin` qararına muwapıq a`melge asırılg`an. Sog`an uqsag`an ten`iz boyındag`ı qumlardı ko`shiwden saqlawshı nızamlar Prussiyada, Niderlandiyada, Frantsiyada da qabıl qılıng`an. XIX ha`m XX a`sirdin` birinshi yarımında da o`z aldına bir ta`biyiy obektler yamasa integral-aymaqlıq obektler boyınsha ju`zlep nızamlar ha`m sog`an tiykarlang`an basqarıw ha`m qadag`alaw organları du`zilgen. Biraq olardın` basqarıw ha`m qadag`alaw funktsiyaları siyasiy jag`dayg`a qarap o`zgerip turatug`ın ha`m olar ayırım mu`lk iyelerine xızmet qılatug`ın edi.

Jer planetasında ekologiyalıq krizisli obekt ha`m aymaqlardın` ken`eyiwi, massalıq keselliklerdin` ko`beyiwi XX a`sirdin` ekinshi yarımına kelip insanlar itibarın ta`biyatqa qaratıwg`a ma`jbur etti. Evropa, ayırım Aziya ha`m Arqa Amerika ma`mleketlerinde tek g`ana ta`biyattan u`nemli paydalanıw emes, al onı asırawg`a qaratılg`an bir qatar nızamlar qabıl qılındi ha`m sol tiykarda ekologiyalıq shara ta`dbirler a`melge asırıldı. Na`tiyjede ta`biyat penen ja`miyet arasında jan`a mu`na`sebet – ekonomikalıq-ekologiyalıq ko`rinis ju`zege keldi.

Ja`miyet ha`m ta`biyat arasında ekonomikalıq-ekologiyalıq mu`na`sebet forması – bar bolg`an ekologiyalıq sistemanı saqlap qalıw da`rejesindegi insanlardın` ta`biyiy resurslardan sanalı paydalanıw ha`m ta`biyattı qorg`awg`a qaratılg`an turmıs ta`rizi.

Amerika Qurama Shtatları, Yaponiya, Shveytsariya, Germaniya, Shvetsiya kibi ma`mleketler ekologiyalıq nızamshılıq sisteması ekologiyalıq mu`na`sebet formasına maslastırılg`an bolıp, ma`mleket ta`repinen insanlardın` ha`r qanday ekologiyalıq shara-ta`dbirleri tolıq qollap-quwatlanıladı. Ta`biyiy resurslardı kemeyttiriw, ta`biyattı pataslaw tek g`ana puqaralarg`a emes, al ma`mleket sho`lkemleri xızmetkerlerine de materiallıq ta, ruwxıy da payda keltirmeydi.

Ma`selen, AQSh «A`tirap ta`biyattı qorg`aw milliy siyasatı» (NEPA) nızamı boyınsha ha`mme fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslar (ma`mleket ha`kimiyatı ha`m basqarıw organları da) qanday da bir ta`biyiy obektten paydalanıwı aldınan tu`rli ko`rinistegi test sınawlarınan o`tedi ha`m ta`biyatqa ko`rsetiwi mu`mkin bolg`an «Arza» nı tapsıradı. Bul test sınawları na`tiyjesinin` basında-aq 10% «Arzalar» sudlar isine kirip qaladı. Prezident atqarıw komiteti janındag`ı ta`biyattı qorg`aw Ken`esi ha`r ayda Ken`eske kelip tu`sken «Arzalar» dizimi ha`m sudlardın` qabıl qılg`an qararları tuwrısında ashıq mag`lumatlar ja`riya etedi. Bunnan tısqarı, ta`biyattı qorg`aw boyınsha ha`r bir Amerika shtatı o`zine jarasa nızam qabıl qılıw imkanına iye. Sebebi shtattag`ı ekologiyalıq jag`day birinshiden jergilikli xalıqqa ta`sir qılıwın nızamshılıq sistemasın belgilep beredi.

G`a`rezsiz O`zbekstan Respublikasının` erte qabıl qılg`an nızamlarınan biri «Ta`biyattı qorg`aw tuwrısındag`ı» nızam bolıp tabıladı. Bul nızam 9 dekabr 1992-jılı O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası menen bir qatarda qabıl qılıng`an bolıp, ondag`ı printsip ha`m o`lshemler ta`biyat penen ja`miyet mu`na`sebetleri o`z-ara uyg`ınlasqan halda bolıwın na`zerde tutadı. Ma`mleketimiz jas, tez pa`tler menen ja`miyetlik jo`neltirilgen bazar ekonomikası ta`repine alg`a baratırg`an ma`mleketler taypasına kiredi. Ekonomikalıq rawajlanıw, waqtınshalıq, ju`da bay (100 ge jaqın mineral shiyki zat tu`rinen paydalanıladı) ta`biyiy resurslardan paydalanıwg`a su`yengen xalda a`melge aspastan ilajı joq. Sonın` ushın ha`m milliy nızamshılıg`ımız arqalı ta`biyat ina`mlarınan paydalanıw ha`m olarda qorg`aw forması ekonomikalıq-ekologiyalıq ko`riniste. Qabıl qılıng`an ekologiyag`a tiyisli 20 dan artıq nızamlar ta`biyattı qorg`awdın` huqıqıy tiykarı bolıp xızmet qıla aladı, biraq bul nızam qag`ıydalardı turmısqa endiriwdin` ekonomikalıq, huqıqıy, siyasiy shara-ta`dbirlerin islep shıg`ıw bu`gingi ku`nimizdin` aktual ma`seleleri qatarına kiredi.

Ta`biyiy ortalıqtı kriziske, ja`miyetlik ortalıqtı katastrofag`a alıp kelmew ushın biz jaqın keleshekte ekologiyalıq mu`na`sebet formasına o`tip alıwımız kerek.

Ja`miyet ha`m ta`biyat arasındag`ı ekologiyalıq mu`na`sebet forması dep biz insanlardı ta`biyat resurslarınan u`nemli paydalanıwg`a, qayta tiklew ha`m ta`biyattı qorg`awg`a qaratılg`an turmıs ta`rizin tu`sinemiz. Bunday turmıs ta`rizi bar bolg`an ekologiyalıq sistemanı salamatlastırıwg`a alıp keledi. Ekologiyalıq mu`na`sebet ko`rinisinde ma`mlekettin` basqarıw sisteması aldın-ala ekologiyalıq to`men aymaq ha`m obektlerdi tiklewge qaratılg`an boladı. Bul jerde islep shıg`arıw texnologiyası birinshi na`wbette kem shıg`ınlı yamasa jabıq xalda bolıwı talap etiledi. Ekologiyalıq sana ha`m ma`deniyat insanlardın` ja`miyette tutqan ornın belgilewshi sha`rtli printsipi bolıp qaladı. Ekologiyalıq nızamlar ha`m normativ xu`jjetler ekologiyalastırılg`an ha`m a`meliy endiriliwi mexanizmine tolıq tiykarlang`an bolıwın talap qıladı. Ta`biyiy resurslardan paydalanıwdı sheklew ha`m ta`biyiy obektler «rekonstruktsiyası» bir ma`mleket ko`leminde emes, al ekologiyalıq qawipli aymaqlar boyınsha a`melge asırıladı ha`m olar ma`mleket ta`repinen ayırıqsha qorg`aw obektine kiriwin na`zerde tutadı.

Adamdag`ı na`rse ha`m ha`diyselerdin` ha`reketi, o`zgerisi, bir jag`daydan ekinshi jag`dayg`a o`tip turıwı, rawajlanıwı, olar arasındag`ı baylanıslılıq ha`m o`z-ara ta`sir sıyaqlı ma`seleler qa`dimnen oyshıllar, alımlar, filosoflar arasında tu`rli diskussiya, tartısıwlarg`a sebep bolg`an. Sebebi olar haqqında anıq bilimge iye bolmastan turıp, du`nya ha`m onın` rawajlanıwı, rawajlanıw deregi, ha`reketlendiriwshi ku`shler tuwrısında, ha`mde, en` tiykarg`ısı, keleshek haqqında ilimiy tu`sinikke iye bolıw qıyın.

A`tirapımızdag`ı barlıq na`rse-ha`diyseler, yag`nıy en` mayda bo`lekshelerden Jer, Quyash, Kosmosqa deyingi ha`mme na`rse, sonın` ishinde, insaniyat ja`miyeti ha`m, ba`rhama ha`reket, o`zgeris ha`m rawajlanıwda boladı. Olar arasında ma`ngi o`z-ara baylanıslılıq, o`z-ara ta`sir boladı. Du`nyada o`z-o`zinen, tosınnan hesh qanday ha`reket ha`m, o`zgeris ha`m ju`z bermeydi.

Biz na`rse ha`m ha`diyselerdin` ha`reketi, o`zgerisi ha`m rawajlanıwına olar arasındag`ı baylanıs, ta`sir ha`m keri ta`sir tiykar boladı deymiz. A`lbette, adamdag`ı ha`r qanday baylanıs ha`m rawajlanıwg`a sebep bola bermeydi. Sebebi bul baylanıslardın` ko`lemi, ma`nisi, ta`sir ku`shi ha`m shen`beri tu`rlishe.

Baylanıslardın` usı qa`siyetlerine qarap, za`ru`riy ha`m tosınnan, ishki ha`m sırtqı, a`hmiyetli ha`m a`hmiyetli bolmag`an ha`m basqa baylanıslarg`a ajıratıwımız mu`mkin.

Sonday-aq, du`nyada basqa waqıya yamasa ha`diyselerden o`z aldına, olar menen baylanıslı, o`z-ara baylanıslılıkta ha`m ta`sirde bolmag`an birde-bir waqıya yamasa ha`diyse joq. Demek, o`z-ara baylanıs ha`m ta`sir na`tiyjesinde na`rse-ha`diyselerde o`zgeris boladı. Biraq, ba`rshe o`zgerislerdi ha`r saparı birden, tez seziw mu`mkin emes. Sebebi, du`nyanın` ko`z aldımızda bolıwı tu`rli da`rejede bolg`anlıg`ı sebepli, o`zgerisler ha`m tu`rlishe boladı.

Ma`selen, jan`a tuwılg`an balanın` bir ha`pte, bir ay, yarım jıl dawamındag`ı o`zgerislerin, yag`nıy u`lkeyiwin yaki bolmasa, ta`biyattag`ı qıs pasılınan ba`har pasılına o`tiwdegi o`zgerislerdi a`piwayı ko`z benen seziw mu`mkin. Biraq, qanday da bir jansız predmet, ma`selen, Jer planetasındag`ı ishki protsesslerdi ma`lim dawirden keyin seziw mu`mkin. A`ne sol sebepli adamlar jer qozg`alısları, vulkanlar atılıwı sıyaqlı apatlar qarsısında lal, bazıda qorqınıshta qalıp kelmekte. Yag`nıy sırtqı faktorlar (insan iskerligi, jaqtılıq, ıssılıq, ızg`arlıq, atmosfera basımı) na`tiyjesinde ju`z bergen o`zgerislerdi ko`z ko`redi, qulaq esitedi. Qullası, olar an`sat an`lap alınadı, ashıq-aydın ko`zge taslanadı, olardag`ı o`z-ara baylanıstı ha`m an`sat koriw, tu`siniw mu`mkin.

Aldı menen, sonı aytıp otiw kerek, du`nyadag`ı barlıq na`rse – ta`biyat, ja`miyet ha`m insan rawajlanıwı ma`lim bir nızamlar tiykarında a`melge asadı. Pa`nlerdin` (ja`miyetlik, gumanitar, ta`biyiy x.t.b.) tiykarg`ı wazıypası ha`r bir taraw boyınsha izertlew o`tkerip, nızamlardı ashıw yamasa olardın` a`mel qılıw qa`siyetlerin u`yreniw ha`m ashıp beriwden ibarat.

Qansha ko`p nızam ashılsa, rawajlanıw sonshelli tez boladı. Rawajlanıw nızamların bilmesten turıp, rawajlanıwg`a erisiw qıyın. Jaqın o`tmishte ekonomikanın` o`zine ta`n nızamları pisent qılmay, tu`rli sezd, plenum, konferentsiya qararları tiykarında eksperimentler o`tkerip, ba`rshe ushın pa`rawan turmıs – kommunizm ja`miyetin qurmaqshı bolg`anlıg`ın ha`m bunday siyasat qanday aqıbetlerge alıp kelgeni ba`rshege ma`lim.

Ha`zir g`a`rezsiz O`zbekstan barlıq rawajlang`an ma`mleketler qatarında ja`miyetlik jo`neltirilgen bazar ekonomikasına tiykarlang`an demokratiyalıq ma`mleket, puqaralıq ja`miyetin qurıw jolınan barmaqta. Bunda ulıwma ta`n alıng`an ha`m ma`mleketimizdin` o`zine ta`n qa`siyetleri itibarg`a alıng`an.

Endi bir soraw: Ne ushın insan nızamdı biliwi kerek? Bunda a`piwayı mısallarg`a mu`ra`jet qılamız: jaz aylarında barlıq adamlar ıssı kiyimler (etik, palto, qol-qap x.t.b.) satıp aladı, otın yamasa ko`mir tayarlap qoyadı x.t.b. Ne ushın? Sebebi, olar ta`biyattın` bir nızamın, yag`nıy pasıllardın` o`zgeriwin, jazdan keyin gu`z, onnan keyin qıs keliwin ju`da jaqsı biledi.

İnsan nızamlardı biliwi, olarg`a a`mel qılıwı shen`berinde erkin boladı. Erkinlik ne? Erkinlik an`lap alıng`an za`ru`riyat bolıp tabıladı. Ha`r qanday nızamg`a ta`n belgilerden biri za`ru`riylik, yag`nıy obektiv ta`rizde a`melge asıw, o`z-o`zinen ju`z beriw. Erkinlik bolsa a`ne sol za`ru`riylikti an`lap alıw ha`m og`an a`mel qılıwdan ibarat iskerlikti an`latadı.

Yuristlerde sonday bir ga`p bar: «Nızamdı bilmew juwapkershilikten qutkarmaydı». A`ne sol sebepli biz yuridikalıq nızamlardı qansha jaqsı bilsek, o`zimizdin` iskerligimizdi sog`an maslap alıp baramız. Demek, sonsha erkin bolamız. Bul jag`dayda biz ne nızamlı, ne nızamsız ekenligin jaqsı bilemiz, nızamg`a qarsı qademler qoymaymız.

Joqarıdag`ı pikirlerdi juwmaqlap, nızamg`a to`mendegishe sıpatlama beriw mu`mkin: Nızam du`nyadag`ı na`rse ha`m ha`diyselerdin` a`hmiyetli, za`ru`riy, ulıwma ha`m ta`kirarlanıp turıwshı baylanısları, o`z-ara baylanısları ha`m mu`na`sebetleri bolıp tabıladı.

Endi nızamnın` belgilerine toqtalamız:

- Nızam ha`r tu`rli baylanıslardan tek a`hmiyetlilerin, yag`nıy sonday baylanıslardı sa`wlelendiredi, bular du`nyanın` barlıg`ı, o`zgerisleri ha`m ondag`ı na`rse ha`mde ha`diyselerdin` ma`nisinen kelip shıqqan boladı;
- Nızam za`ru`riy baylanıslardı sa`wlelendiredi, yag`nıy tosınnan baylanıslar, bazıda payda bolıp, bazıda joq bolıp ketetug`ın baylanıslarg`a tiykarlanbaydı;

- Nızam na`rse ha`m ha`diyselerdin` ulıwma baylanısların sa`wlelendiredi.

Nızam salıstırmalı turaqlı, ta`kirarlanıp turıwshı baylanıslardı (mu`na`sebetlerdi) sa`wlelendiredi, yag`nıy bir saparı ju`z berip, ekinshi ret ju`z bermeytug`ın baylanıslardı nızam qamrap almaydı. Mısalı, 2001-jılı qıstan keyin ba`har kelip, 2002-jılda qıstan keyin birden jaz keliwin ko`z aldıg`a keltirip bolmaydı. Sebebi, bul ta`biyat nızamı - pasıllar o`zgerisi nızamı shen`berine kirmeydi.

Ta`biyat nızamlarının` ja`ne bir en` a`hmiyetli belgisi – ol obektiv harakterge iye, yag`nıy ol insang`a ha`m, insaniyatqa ha`m baylanıslı emes. Bir adam, ha`tteki millettin` erki menen ha`m, ta`biyat nızamına o`zgeris kiritiwi yamasa onı pu`tkilley joq qılıwı mu`mkin emes. Sebebi bul nızamlardın` tiykarın salg`an baylanıslar, mu`nasebetler obektiv harakterge iye.

Du`nyadag`ı ha`r bir na`rse ha`m ha`diyse bir-birin tolıqtıratug`ın ha`m sonın` menen birge bir-birin biykarlaytug`ın qarama-qarsı ta`repler birliginen ibarat. Demek, waqıya ha`m o`zgeris protsessinde kompromiss ha`m konflikttin` bolıwı ha`m a`detiy jag`day. Ma`selen, ıssı ha`m suwıq, aq ha`m qara, tu`n ha`m ku`n, jaqsılıq ha`m jamanlıq, a`dalat ha`m a`dalatsızlıq x.t.b. Qarama-qarsı ta`repler bir-birin inkar etedi ha`m sonın` menen birge biri ekinshisin tolıqtıradı, biri ekinshisisiz bar bola almaydı.

Barlıq na`rse, waqıya-ha`diyselerdin` ha`r tu`rliliginen ibarat. Biraq na`rseler qanshelli ren`-beren` bolmasın, olar arasında jaqınlıq, kelisim boladı. Ma`selen, stol ha`m stul sıpat jag`ınan tu`rli na`rseler bolıp tabıladı. Biraq ba`ribir olar arasında uqsas ta`repler, belgiler bar. Aytayıq, olardın` bir qıylı materialdan islenegnligi yamasa awırlıg`ı uqsas bolıwı mu`mkin x.t.b.

Kelisim tu`sinigi na`rse ha`m ha`diyseler arasındag`ı uqsas ta`replerin sa`wlelendiredi. Sonın` menen birge na`rse-ha`diyseler bir-birinen parıq qılatug`ın ta`repler, qa`siyetler, belgilerge de iye. Bir qıylı bolg`an na`rsenin` o`zi joq. Ha`tteki terektin` bir shaqasında bir-birine jaqın turg`an eki japıraq ta bir-birinen parıq qılıwshı bazı bir belgilerine iye. Hesh bolmag`anda, olar bir-birinen ornı menen parıq qıladı.

Turmıstan mısal keltiretug`ın bolsaq, bir-birinen sırtqı ta`repinen tolıq uqsas bolg`an Asan ha`m Usenlerde de ju`da ko`p parıq qılıwshı qa`siyetler bar. Mısalı, olarda minez-qulıq, qızıg`ıw turi, ko`z-qaraslar ha`r qıylı bolıwı, yag`nıy olardın` ishki du`nyaları parıq qılıwshı ta`replerin sa`wlelendiriwshi tu`sinik bolıp esaplanadı.

Qarama-qarsılıq dep, na`rse, waqıya-ha`diyselerdin` bir-birin tolıqtırıwshı ha`m sonın` menen birge bir-birin inkar etiwshi ta`repleri, ku`shlerdin` o`z-ara mu`na`sebetlerine aytıladı.

Qarama-qarsılıqlar arasındag`ı mu`na`sebetti konflikt degen tu`sinik sa`wlelendiredi. Ko`p jag`daylarda kelisim ha`m kelispewshiliktin` qarama-qarsılıg`ı, belgili bir o`lshemdegi o`zgerisler sebepli rawajlanıw, jan`alanıw protsessleri a`melge asadı. Rawajlanıw sol ma`nide kelisim, kelispewshilik ha`m qarama-qarsılıqlardın` payda bolıwı, rawajlanıwı ha`m sheshiliwinen ibarat bolg`an ma`n`gi ha`m a`zeliy quramalı protsess bolıp tabıladı.

Sabıq Awqamnın` ideologiyası da`rejesine ko`terilgen marksizimde tiykarınan qarama-qarsılıqlarg`a ko`birek itibar beriletug`ın edi. Ol absolyutlestiriletug`ın edi ha`m ja`miyetke ko`shirilip, tiykarınan, antogonistlik qarama-qarsılıqlar tuwrısında aytılıp ha`m olardın` sheshiliwi insaniyattı baxıtlı turmısqa alıp baradı, dep a`rman qılınar edi. İnsaniyat payda bolg`annan berli onın` turmısında kelisim ha`m kelispewshilikler de, qarama-qarslıklar da bar bolıp kelgen. Adamzat qarama-qarsılıqlar kem bolg`an, insanlardın` tu`rli umtılıwları ha`m maqsetleri, bir-birinen parıq qılatug`ın ideyaları uyg`ınlasqan, turaqlılıq u`stin bolg`an ja`miyetti qurıw ushın bas qatırıp kelmekte.

A`ne sonday umtılıwlar pa`nde «Konfliktologiya» (konflikt – qarama-arsılıq, logos – ta`liymat) dep atalatug`ın filosofiyalıq jo`nelis payda bolıwına alıp kelgen. Bul taraw menen shug`ıllanatug`ın alım ha`m qa`nigeler konfliktologlar dep ataladı. Olar konfliktlerdi keltirip shıg`arıw emes, al olardın` aldın alıw ha`m ja`miyet ushın paydalı ta`rizde sheshim jolları ha`m usılları u`stinde bas qatıradı.

Ha`r bir qarama-qarsılıqtın` anıqlanıwı, sheshiliwi o`zgeriske, jan`alanıwg`a, bir sıpattan ekinshi sıpatqa, eskiden jan`ag`a otiwge sebep boladı. Du`nya ha`r

tu`rli bolg`anlıg`ı ushın qarama-qarsılıqlar da tu`rlishe. Ma`selen, ishki ha`m sırtqı qarama-qarsılıqlar, tiykarg`ı ha`m tiykarg`ı bolmag`an qarama-qarsılıqlar bar. Olar arasında parıq bolg`anı menen birge, absolyut shegara da joq. Sebebi a`melde, turmısta olar bir-birine otiwi, birgelesip ketiwi ha`m keleshekte tu`rli qıylı orın tutıwı mu`mkin.

Du`nyanın` barlıg`ı – mug`dar ha`m sıpat wakıyalıg`ı ta`rizinde ha`m ko`zge taslanadı. Bunın` sebebi sonnan ibarat, na`rse ha`m ha`diyselerdegi sezilerli bolmag`an mug`darlıq o`zgerisler a`ste-aqırın toplana barıp, keleshektin` ma`lim bir basqıshında o`lshemdi buzadı ha`m sekiriw jolı menen tolıq sıpat o`zgerislerine alıp keledi.

Materiallıq du`nyadag`ı tu`rli na`rse ha`m ha`diyseler bir-birinen o`z sıpatı menen ajıralıp turadı. Sıpat – na`rselerdin` ishki ha`m sırtqı belgisi bolıp, onın` bir qatar qasiyetleri birligin sa`wlelendiredi. Sıpat na`rse qanday bolsa, onı sondaylıg`ınsha ko`rsetip beredi, zattın` barlıq sırtqı qasiyetlerin baylanıslılıqta ko`rsetip beredi.

Demek, sıpat na`rsenin` ulıwmalıg`ın, bir pu`tinligin, onın` salıstırmalı turaqlılıg`ın, bir-birine uqsaslıg`ı yamasa uqsamaslıg`ın sa`wlelendiredi. Ol ken` ma`nide na`rselerdin` tu`rli qa`siyetlerinin` jıyındısı bolıp tabıladı. Biraq sıpat ha`m qa`siyet bir qıylı ma`nistegi tu`sinikler emes. Sıpattın` o`zgeriwi, qa`siyettin` o`zgeriwine alıp keledi. Biraq qa`siyettin` o`zgeriwi ha`r saparı sıpattın` o`zgeriwine ta`sir ete bermeydi, ayırım qa`siyetler na`rselerdin` sıpatına ta`sir etpesten joq bolıp ketiwi mu`mkin. Sıpat predmettin` salıstırmalı turaqlılıg`ın sa`wlelendiredi.

Na`rseler bir-birinen mug`darlıq ta`repleri menen de parıq qıladı. Mug`dar predmettin` ko`lemi, o`lshemi, awırlıg`ı, ha`reket tezligi ha`m sog`an uqsag`an belgiler menen sıpatlanadı. Ta`biyat ha`diyseleri sıyaqlı ja`miyetlik ha`diyseler de mug`darlıq belgige iye. Sebebi, suw o`z salıstırmalı awırlıg`ına, qaynaw ha`m muzlaw da`rejesine iye. Bir ja`miyetlik du`zim basqasınan qasiyeti jag`ınan emes, al islep shıg`arıwshı ku`shler rawajlanıwı, miynet o`nimdarlıg`ı, ma`deniyatı ha`m basqaları menen de parıq qıladı. Ha`r qanday na`rse mug`dar ha`m sıpat birligine

iye. Ta`biyatta tek mug`darg`a yamasa sıpatqa iye bolg`an, yag`nıy sıpatı bolıp mug`darı bolmag`an, mug`darı bolıp kersinshe sıpatı bolmag`an na`rsenin` o`zi joq.[1]

## 2. Ja`miyet nızamları ha`m olardin` specifikasi

Ja`miyet nızamları – insanlardın` is-ha`reketlerin yamasa qanday da bir obektke qaratılg`an mu`na`sebetin belgileytug`ın huquqıy sheklewler jıyındısı.

Ta`biyat nızamları – insanlardı qorshap turıwshı ta`biyiy ortalıqta ju`z berip atırg`an waqıya, ha`diyse, protsesslerdin` ja`miyet nızamlarına boysınbaytug`ın ha`m insanlar iskerligisiz o`mir su`re alatug`ın tiykar. Ta`biyat nızamlarına ta`biyiy printsiplerdin` birgelikte ha`reket qılıwı, ta`biyiy zatlardın` (suw, energiya, kislorod, uglerod…) u`lken ha`m kishi aylanısı, zat ha`m energiya saqlanıwı, ta`biyiy resurslardın` kemeyip barıwı, evolyutsion tezleniw, tiri organizmlerdin` evolyutsion rawajlanıwı ha`m t.b.

Ja`miyet – ken` ma`nide insanlardın` tariyxıy qarar tapqan birgeliktegi iskerliklerinin` bir pu`tinligi yamasa tar ma`nide ja`miyetlik mu`na`sebetlerdin` konkret tipi bolıp tabıladı.

Ta`biyat – ken` ma`nide pu`tkil barlıq a`lem ha`m onın` ren`-beren` formaları; tar ma`nide insanlardın` materiyallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerin qandırıw deregi bolg`an ta`biyiy ortalıq. İnsan o`zinin` o`miri dawamında pu`tkil barlıqtan emes, al onı qorshap turıwshı ha`m onın` ta`siri shen`berinde turg`an ta`biyiy ortalıqtan paydalanıwı mu`mkin.

Solay etip, insaniyat tariyxında ja`miyet penen ta`biyat ortasında toqtawsız ha`m tu`rli o`z-ara ta`sirler bolıp turg`an. Ja`miyet ha`m ta`biyat, insan ha`m jasap turg`an ortalıq ortasındag`ı o`z-ara ta`sir mashqalası insaniyattın` ma`ngi mashqalalarının` biri bolıp esaplanadı. Filosofiyalıq pikirdin` pu`tkil tariyxı dawamında ol tu`rlishe sheshilip kelingen. XVIII – a`sirde frantsuz ilimpazı

[1] https://uz.wikipedia.org/ wiki/Qonun
Uzsmart.ru/library/
www.titli.uz/

Monteske sol da`wir ushın ta`n bolg`an pikirlerdi alg`a su`redi. Ol «Nızamlar ruwxı tuwrısında» atlı shıg`armasında ja`miyettin` ta`biyatqa tolıq rawishte qaramlılıg`ı haqqındag`ı ideyanı rawajlandırıp, «Iqlımnın` hukimranlıg`ı barlıq ku`shlerden u`stin», degen su`rendi alg`a su`redi.

Monteskenin` pikirinshe, materialliq bayliqlar insan ushin tek eger olarg`a iyelik etiw miynet penen baylanisli bolmasa g`ana qa`wip tuwdiradi.[1]

İnsaniyat ja`miyetin ta`biyatqa qarsı qoyatug`ın, insanlar menen ta`biyat ortasındag`ı baylanıstı biykar qılatug`ın idealistlik ko`z-qaraslarg`a qarsı tu`rde ta`biyat penen insan ortasındag`ı tıg`ız baylanıstı tiykarlaw ha`m ko`rsetiw u`lken a`hmiyetke iye. Tariyxqa eki ta`repten qaraw mu`mkin, onı ta`biyat tariyxı ha`m insanlar tariyxına bo`liw mu`mkin. Biraq ha`r eki ta`rep bir-biri menen tıg`ız baylanıslı. İnsaniyat ja`miyeti bar eken, ta`biyat tariyxı ha`m insanlar tariyxı bir-birin o`z-ara qollap-quwatlap turadı.

Ja`miyet ha`m ta`biyat birligin so`z eter ekenbiz, biz onın` tımsalında olardın` materiallıq ta`repten birligin tu`sinemiz, yag`nıy olar zatlıq qasiyetke iye, bir qıylı ximiyalıq elementlerden ibarat, teoriyada dialektika dep atalıwshı bazı bir obektiv nızamlarg`a boysınadı. Ja`miyette ja`miyetlik nızamlar menen birge fizika, ximiya ha`m biologiya nızamları ha`m a`mel qıladı. Bunda insan, ja`miyet ta`biyattın` bir bo`legi sıpatında sa`wlelenedi. İnsannın` fizikalıq ha`m ruwxıy turmısı ta`biyat penen tıg`ız baylanısqan. Bul ta`biyat o`z-o`zi menen tıg`ız baylanısqan demek, sebebi insan ta`biyattın` bir bo`legi bolıp tabıladı, onın` perzenti, rawajlanıwının` tiykarı. Bul jag`day birinshiden ta`biyat insan ha`m ja`miyet payda bolıwının` jetekshi printsipi ekenligi ko`rinedi.

Ta`biyat rawajlanıwının` kompleksli bolıwı insaniyat ta`biyatqa barg`an sayın ko`p o`z ta`sirin ko`rsetedi, insan tek g`ana ha`r qıylı o`simlik ha`m haywanat tu`rleri ornın o`zgertip qoymay, onın` iskerligi na`tiyjesinde jer sharı ulıwma o`limge hukim etilgende g`ana ol menen birge joq bolıp ketiwi mu`mkin. Solay etip, insan ta`biyattı tek g`ana u`yrenip qoymastan, o`zin qorshap turg`an du`nyanı

[1] Berdimuratova A.K., Kushkarov S., Muxammediyarova A. Ekologiyaliq qa`wipsizlik filosofiyasi. (oqiw qollanba). No`kis., ’’Qaraqalpaqstan’’. 2012. 10 bet.

o`zgertedi, «do`retiwshilik» qıladı. Biraq landshafttı pu`tkilley o`zgertip jibergen ha`m kosmosqa shekem shıg`a alg`an insaniyat hesh qashan ta`biyattan u`zilip kete almaydı, ol ha`mme waqıt onın` qushag`ında jasaydı.

İnsannın` do`retiwshilik imkaniyatları, onın` ta`biyatı ha`m o`zgerttiriw qabiletlerine kelgende, olar shek-shegarasız. Materiallıq islep shıg`arıw protsessinde adamlar ortasında payda bolatug`ın qatnasıqlarsız islep shıg`arıwdın` o`zi ha`m, insan turmısı materiallıq sharayatları ha`m bolmaydı, demek ja`miyet ha`m bolmaydı. Ja`miyet bul adamlardın` birgeliktegi ha`reketi, o`z-ara ta`sirinin` jemisi, bull adamlardın` sotsiallıq mu`na`sebetlerindegi insannın` o`zi bolıp tabıladı.

Ja`miyet insan turmısı iskerliginin` tariyxıy forması sıpatında hesh qashan adamlardın` a`piwayı birlespesi bolg`an emes ham bolmaydı. Ja`miyet adamlar, islep shıg`arıw, ekonomikalıq, ma`deniy ha`m ja`miyetlik sho`lkemler o`z-ara ta`siri quramalı sistemasınan ibarat. Ja`miyet bul toqtawsız rawajlanıwda bolg`an organizm, ol ayırım ja`miyetlik elementlerdin` o`z basımsha islerine jol qoyıwshı ıqtıyarıy birikpe emes. Ta`biyat bolsa, bul zatlıq bo`leksheler, reallıqlar kompleksinen ibarat bolıp, olar ja`miyet negizin quraydı ha`m onı qorshap turadı.

Ta`biyat rawajlanıwının` joqarı basqıshı bolıwı ja`miyet tek g`ana ta`biyiy printsip negizinde jasaydı, rawajlana aladı ha`m onın` ta`biyiy printsip penen u`zliksiz o`z-ara ta`sirinde bolıw sha`rti bolıp tabıladı. Kelip shıg`ıwı jag`ınan ta`biyat penen baylanıslı bolg`an ja`miyet ta`biyattın` ayırıqsha bo`legi sıpatında jasaydı ha`m rawajlanadı.

İnsan o`zinin` ta`biyatqa ko`rsetip atırg`an keri ta`sirinin` aqıbetlerin sezgennen ha`m bilgennen keyin, ta`biyattan ratsional, rejeli, tejep-tergep paydalanıw ha`m onı qorg`aw za`ru`rligi haqqında oylay basladı.

«Ta`biyattı qorg`aw» termini da`slep 1913-jılı birinshi xalıqara ta`biyattı qorg`aw boyınsha Shveytsariyada o`tkizilgen sezddan son` ken` tarqaldı.

Ekologiya ha`m ta`biyattı qorg`aw problemaları keskinlesip, quramalı tu`s alg`an ha`zirgi da`wirde ta`biyat ha`m ja`miyet ortasındag`ı mu`na`sebetlerdi balansqa keltiriw tiykarg`ı wazıypalardan esaplanadı. Ta`biyat, insan ha`m

ja`miyet ortasındag`ı o`z-ara baylanıs probleması ma`ngi dawam etiwshi mashqalalardan biri bolıp tabıladı. Ta`biyat ja`miyetti jasaw ortalıg`ı, onın` materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerin qanaatlandırıw deregi esaplanadı. Ja`miyet ta`biyat rawajlanıwının` joqarı basqıshı bolıp, ayırıqsha sotsial mazmung`a iye. Ta`biyat ha`m ja`miyet o`z-ara tıg`ız baylanısqan, bir pu`tin materiyanın` eki bo`legi, o`zine ta`n sotsekosistema esaplanadı. Ta`biyat ha`m ja`miyet o`z-ara baylanıs sistemasında insan oraylıq orındı iyeleydi. İnsan bir wakıttın` o`zinde ha`m ta`biyat, ha`m ja`miyettin` ajıralmas bo`legi bolıp, biosotsial qa`siyetka iye. Zat ha`m energiya almasıwı ta`biyat barlıg`ının` tiykarı bolıp esaplanadı. Materiya ha`reketinin` joqarı forması bolg`an ja`miyet ta`biyattın` o`z aldına «insaniylasqan» bo`legi sıpatında jasaydı ha`m rawajlanadı.

Ekologiyag`a tiyisli a`debiyatta ja`miyet ha`m ta`biyattın` o`z-ara ta`sirin dawirlerge bo`liw ma`selesinde tu`rli pikirler bar. Problemalardın` bir taypası bes dawirdi, basqaları to`rt, u`shinshileri u`sh dawirdi tilge aladı.

A`debiyatlarda sonday-aq, ja`miyet ha`m ta`biyattın` o`z-ara ta`siri tariyxın to`rt dawirge bo`liw ken` orın alg`an. Yag`nıy 1) o`ziniki qılıp alıw; 2) agrar; 3) industrial; 4) noosfera dawirleri.

«Shan`araq, shaxsiy mu`lk ha`m ma`mlekettin` kelip shıg`ıwı» kitabında insan ta`biyattı o`zlestriw printsipine qarap ja`miyet tariyxında u`sh dawirdi ajıratıp ko`rsetedi. Jabayılıq – bul tiykarınan ta`biyattın` tayar jemislerin o`zlestriw dawiri bolıp esaplanadı; insan ta`repinen jaratılg`an zatlar tiykarınan a`ne sonday o`zlestiriwde ja`rdemshi qural bolıp xızmet qıladı. Jabayılıq bul sharwashılıq ha`m diyxanshılıq penen shug`ıllanıla baslag`an dawir, insan iskerligi ja`rdeminde ta`biyat jemislerin islep shıg`arıwdı ko`beyttiriw usılların iyelew dawiri bolıp tabıladı. Tsivilizatsiya bul ta`biyat produktlerin ja`ne de artıg`ıraq iyelew dawiri, tu`p ma`nide sanaat ham` ustashılıq dawiri bolıp esaplanadı.

Neogen dawiri jer ju`zinde neantrop yamasa Homo sapiens (sanalı adam) tin` payda bolıwına tuwrı keledi.

Ja`miyet rawajlanıwının` tu`rli basqıshlarında onın` ta`biyatqa bolg`an mu`nasebeti ha`m o`zgerip barg`an. Bazı bir izertlewshiler ta`biyat ha`m

ja`miyettin` o`z-ara mu`na`sebetlerindegi tiykarg`ı tariyxıy basqıshlardı 4 dawirge bo`ledi.

A) Qa`dimgi ja`miyet du`zimi da`wiri. Qa`dimgi ja`miyet du`zimi da`wirinde insaniyat ta`biyatqa sezilerli ta`sir o`tkizbegen. Qa`dimgi ja`miyet du`zimi da`wirinde adamlar o`zi paydalanatug`ın ta`biyiy resurslardın` jag`dayına ma`lim da`rejede itibar berip, paydalanatug`ın o`simliklerdi ha`m aw qılatug`ın haywanlardı qorg`awg`a ala baslag`an. Sebebi bul da`wirge kelip adam sanı ko`beyip, islep shıg`arıw quralları anag`urlım jetistirilip, oq-jay quramalı balıq awlaw miynet quralları jaratıldı. Bular o`z na`wbetinde qa`dimgi ja`miyet adamlarının` jasawı ushın za`ru`r bolg`an ta`biyiy resurslardı ha`m muqqaddes esaplang`an jerlerdi qorg`aw sebebinen bazı bir sharalardı koriwge ma`jbu`rlegen edi. Xa`tteki ma`lim bir aymak`larda haywanlardı awlaw, paydalı o`simlik tuqımların ko`p etip terip alıw qadag`an etile baslanadı. Paydalı haywanlardı ko`p etip qırıp taslag`an adamlar qa`dimgi ja`miyet du`ziminde o`lim jazasına hu`kim etilgen.

Siyrek ushırasatug`ın ha`m qımbatlı o`simlik ha`mde haywanlar bar bolg`an jerler «muqqaddes orın» dep esaplang`an ha`m ol jerlerde aw qılıw, o`simliklerdin` miywesi ha`m tuqımların teriw qadag`an etilgen. Bul shara-ta`dbirler ta`biyattı qorg`aw tariyxının` baslanıwı bolg`an.

Qa`dimgi ja`miyet du`zimi da`wirinde qa`dimgi adam o`zi ushın kerekli na`rseni ta`biyattan aladı eken, bunın` aqıbeti tuwrısında teren` oylap otırmaytug`ın edi. Sebebi qa`dimgi adamlar sanı jag`ınan ju`da az bolıp, ta`biyatqa derlik tolıq qaram bolg`an.

B) Qulshılıq ja`miyeti – jeke mu`lkke tiykarlang`an ja`miyet bolıp, insannın` ta`biyatqa ko`rsetken ta`siri anag`urlım ku`sheygen. Qulshılıq du`ziminde diyxanshılıq ha`m sharwashılıqtın` payda bolıwı ta`biyatqa ta`sirinin` keskin ku`sheyiwine sebep bolg`an. İri qul iyelewshiler qullar ku`shinen paydalanıp u`lken aymaqlardı o`zlestirip, ta`biyiy o`simlikler ha`m haywanlardı joq qılıp, egis maydanlarına aylandırg`an. Bug`an Orta Aziyada, Mısırda, Mesopotamiyada, Qıtayda ha`m Xindistanda jerlerdi o`zlestirip, suwg`arıp diyxanshılıq qılg`an

qulshılıq ma`mleketleri mısal boladı. Qulshılıq du`ziminde jerlerden paydalanıw tuwrısında oylamag`anlıq sebepli, topıraqtın` ta`biyiy jag`dayı jamanlasıp barg`an.

Qulshılık iskerligi da`wirinde bazı ma`mleketlerde ag`ash-taxtaylarg`a talap ju`da ko`p edi. Sol sebepli, tog`aylardan durıs paydalanıw ha`m olardı qorg`aw tarawında sharalar ko`rile baslang`an. Bug`an mısal sıpatında Vavilon ma`mleketinin` bunnan 4 mın` jıl aldın tog`aylardı qorg`aw tarawında is-ila`jlar ko`rilgenlgi, nızamlardı buzg`an adamlar qattı jazalang`anlıg`ı ha`m ha`tteki o`limge hu`kim qılıng`anlıg`ın aytıp o`tiw mu`mkin. Mısır qa`dimgi ja`miyetinde «O`liler da`pteri» du`zilgen. Bul da`pterde ta`biyattı qorg`aw tarawında ju`da qızıq sorawlar jazılg`an. Onda o`lgen adamg`a aqırette to`mendegi soraw-juwaplar beriliwi jazılg`an: «Men olardın` jaylawlarındag`ı haywanlardı o`ltirgenim joq, haywanlardı o`z jerlerinen quwıp shıg`arg`anım joq. Men balıq tutqanım joq.». Bunnan ko`rinip turıptı, Qa`dimgi Mısırda haywanlardı o`ltiriw, o`simliklerden nadurıs paydalanıw, kereginen artıw balıw tutıw zıyanlı ha`m gu`na esaplang`an.

V) Feodalizm du`ziminde miynet usıllarının` jetistiriliwi, xalıq sanının` artıp barıwı na`tiyjesinde insannın` ta`sir shen`beri o`sip barg`an. Feodalizm dawirine kelgende islep shıg`arıw ku`shleri rawajlanadı, na`tiyjede, ju`da u`lken territoriyalarda jaylaw ha`m tog`aylar joq qılınıp, diyxanshılıq ushın paydalanıladı. A`sirese, rawajlang`an Batıs Evropadag`ı ma`mleketler ten`izde ju`ziw, jan`a jerlerdi o`zlestiriw ushın ko`plep kemeler qurdı, ko`plep tog`aylardı joq qıldı. Sol da`wirde bir kemeni qurıw ushın 400 tu`p dub teregi kesilgen. İspaniyanın` «Jen`ilmes Armada» a`skeriy flotın qurıw ushın yarım million dub kesilgen. Na`tiyjede İspaniyada ha`zirge shekem sol tog`aylar tiklengeni joq.

Feodalizm da`wirinde ko`plep tog`aylardın` joq qılınıwı aqıbetinde topıraq eroziyası ku`sheygen, da`rya suw rejimi o`zgergen, siyrek haywanlar (arqa bug`ası, tur, x.t.b.) kemeyip kete baslag`an. Qullası, bul da`wirge kelgende Jer planetası ta`biyatında sezilerli o`zgerisler bolıp, ta`biyatta buzılıw ju`z bere baslag`an.

Joqarıda aytıp o`tilgen ha`m ta`biyatta ju`z bergen unamsız o`zgersler menen birge feodalizm da`wirinde ha`m ta`biyattı qorg`aw sharaları ko`rilgen. Bug`an Orta Aziyada sol da`wirde du`zilgen qorıqxanalardı mısal qılıp ko`rsetiw mu`mkin. Bunnan 1000 jıl aldın Buxara jaqınında a`tirapı ba`lent diywallar menen qorshalg`an Shamsabad qorıqxanası du`zilgen bolıp, onın` ishinde bug`a, kiyik, tu`lki, ayıw sıyaqlı jabayı haywanlar jasag`anlıg`ın tariyxshı geograf Narshaxiy jazıp qaldırg`an edi. Bulardan tısqarı Babur zamanında Samarkand jaqınında bedana qorıg`ı bolg`an. Bunday isler Evropa ma`mleketlerinde ha`m a`melge asırılg`an edi. Biraq bul qorıqxanalar patsha, korol ha`m a`meldarlardın` aw qılıp, dem alatug`ın ma`nzilgax jerlerine aylang`an edi.

Ja`miyettin` ta`biyatqa ta`siri jag`ınan bul da`wir ekinshisinen kem parıq qıladı. Ekinshi da`wir menen u`shinshi da`wir ortasında parıq sonnan ibarat, qulshılıq formalarının` krepostnoy qaramlıq penen almasıwı islep shıg`arıw ku`shlerin rawajlandırıw, ta`biyattı biliw ha`m o`zgerttiriw ushın jan`a imkaniyatlar ashıp berdi.

G) Kapitalizm da`wirinde ja`miyet penen ta`biyat ortalıg`ı arasındag`ı ta`sir ju`da ku`sheyip ketti. Kapitalistlik ekonomikalıq du`zim qarar tabıwı menen pa`n ha`m texnika rawajı, sanaat, transporttın` payda bolıwı, ta`biyiy baylıqlardın` tez o`zlestiriliwi ta`biyatqa ta`sirinin` joqarı da`rejesine jetkerdi. Sebebi islep shıg`arıw usılları jeke mu`lkshilikke tiykarlang`an, o`z-ara ba`seke bolg`an, xojalıg`ı tegis emes ta`rizde rawajlanıp atırg`an kapitalistlik ja`miyette ta`biyiy resurslardan rejesiz jabayılarsha paydalanıldı. Na`tiyjede ta`biyiy resurslardın` ta`biyiy qa`siyetlerinde keskin o`zgerisler ju`z berdi. Bul da`wirde ko`plep ag`ash-tahta tayarlaw aqıbetinde Evropada ha`m Arqa Amerikadag`ı u`lken-u`lken territoriyalarda tog`aylar kesilip, samal ha`m suw eroziyası ku`sheyip, diyxanshılıq jerler awıl-xojalıq oborotına jaramsız bolıp qaldı. AQShta tog`aylardı ko`plep kesiw, jaylawlardan nadurıs paydalanıw sebebinen territoriyasının` 48% bo`liminde eroziya protsessi tezlesip ketken.

Kapitalizm ja`miyetinde ko`plep zavod-fabrikalardın` janılg`ıg`a tiykarlang`an transport tu`rlerinin` ku`sheyiwi, atom ha`m yadro quralların sınaw, jan`a qalalardı

payda etiw ha`m tag`ı basqa usıg`an uqsag`an ha`reketler na`tiyjesinde, ta`biyatqa ko`plegen za`ha`rli gazlar, patas suwlar, taslandıqlardı shig`arıp taslaw aqıbetinde atmosfera, suw ha`m topıraq pataslanıp ketpekte.

A`tirap ortalıqtı zıyanlı shıg`ındılar menen pataslaw mashqalası kelip shıqtı. Ta`biyat ha`m ja`miyet ortasında o`zine ta`n antropogen zat ha`m energiya almasıwı payda boldı. Antropogen zat almasıwı, yag`nıy shiyki zatlardın` ta`biyattan alınıwı ha`m zıyanlı shıg`ındı halında a`tirap ortalıqqa taslanıwı ta`biyat ha`m ja`miyet ortasındag`ı a`zeliy ten` salmaqtın buzılıwına alıp keldi. Ta`biyat ha`m ja`miyet mu`na`sebetlerinin` rawajlanıwı biogen, antropogen ha`m texnogen (noogen) basqıshlarına ajıratıladı.

Ja`miyet rawajlanıwının` tu`rli da`wirlerinde insan menen ta`biyiy ortalıq ortasındag`ı mu`nasebet tu`rlishe bolg`an. İnsaniyat ja`miyeti rawajlanıwının` da`slepki basqıshında neolitte insan menen ta`biyattın` o`z-ara mu`na`sebeti qa`dimgi ahualda bolg`an. İnsanlar bul da`wirde ta`biyattı emes, al ta`biyat insanlardı o`zine boysındırg`an. Ekinshi basqıshında, yag`nıy qulshılıq ja`miyetinde jeke mu`lkshilikke tiykarlang`an ja`miyet bolıp, insannın` ta`biyatqa ko`rsetken ta`siri anag`urlım ku`sheygen. U`shinshi basqıshta, feodalizm da`wirine kelgende islep shıg`arıw ku`shleri rawajlang`an ha`m insannın` ta`biyatqa ta`siri ja`ne de ku`sheygen. To`rtinshi basqısh, kapitalizm da`wirinde ja`miyet penen ta`biyiy ortalıq arasındag`ı ta`sir ju`da ku`sheyip ketti. Na`tiyjede, XX a`sir baslarına kelip, Jer planetasındag`ı suw, atmosfera hawası, topıraqlar, sanaat, transport, kommunal xızmet, awıl-xojalıg`ı shıg`ındıları ha`m basqa shıg`ındılar menen pataslanıwı ju`da ku`sheyip ketti. Bular o`z na`wbetinde planetamız biologiyalıq resurslarının` jag`dayına ha`m a`sirese insanlar salamatlıg`ına zıyan tiygizbekte. Sol sebepli, ja`han ma`mleketlerinde ha`m ta`biyiy ortalıqtı taza saqlaw onı qorg`aw ma`seleleri boyınsha bir qansha unamlı is-ila`jlar qılınbaqta.

Ta`biyiy ortalıq jag`dayının` insan ta`sirinde o`zgeriwi, janlı ha`m jansız komponentlerge ku`shli antropogen ta`sir ekologiyalıq problemalardı keltirip shıg`aradı. Jergilikli, aymaqlıq ha`m ulıwma planetarlıq ekologiyalıq problemalardı ajıratıp ko`rsetiw mu`mkin. Ayırım iri qala, sanaat orayları,

walayatlarda jergilikli, Aral boyı, Chernobılda ekologiyalıq wa`ziyatlar payda bolg`an. Ozon problemasㅤ, kislotalı jawınlar, sho`lleniw, du`nya okeanının` pataslanıwı ha`m basqalar ulıwma planetarlıq ekologiyalıq problemalar bolıp esaplanadı. Jer ju`zinde ekologiyalıq krizis qawiptin` real ekenligin ko`rsetedi. Eger keyingi 30-40 jıl ishinde ekologiyalıq problemalardı sheshiw ushın barlıq shara-ta`dbirler ko`rilmese ekologiyalıq krizistin` ja`ne de teren`lesiwi turg`an ga`p.

Ta`biyattı korg`aw degende ha`zirgi ha`m kelesi awladlardın` mu`ta`jliklerin esapqa alg`an xalda ta`biyiy baylıqlardan sanalı paydalanıw ha`m a`tirap ortalıqtı taza xalında saqlawg`a qaratılg`an, ilimiy tiykarda a`melge asırılatug`ın jergilikli, ma`mleketlik ha`m xalqara is-ila`jları kompleksi tu`siniledi. Ta`biyattı korg`aw degende kompleks pa`n ha`m na`zerde tutıladı. Demek, ekologiya ha`m ta`biyattı korg`aw tu`sinikleri ayırıqsha mazmun ha`m maqsetke iye bolg`an tu`sinikler bolıp tabıladı. Ekologiya ha`m ta`biyattı qorg`awdın` teoriyalıq tiykarı esaplanadı.

A`tirap ortalıqtı qorg`aw, ta`biyiy ortalıqtı qorg`aw tu`siniklerine ma`nisi jag`ınan jaqın.

Da`slepki ekologiyalıq tu`sinikler qa`dimgi grek alımları miynetlerinde so`z etilgen. O`simlik ha`m haywanlar, insan o`mirinin` ta`biyiy ortalıq penen baylanısı İbn Sina, Beruniy shıg`armalarında da o`z sa`wlesin tapqan. XIX a`sirge kelip A.Gumboldt, J.Lamark, K.Rule, Ch.Darvin, E.Gekkel shıg`armalarında ekologiya ilimiy tiykarda tu`sindirilip berildi. Biraq ekologiyanın` pa`n sıpatında qa`liplesiwi XX a`sir baslarında a`melge astı. Da`slep o`simlik ha`m haywanlar ekologiyası, XX a`sirdin 20-jıllarında ja`miyetlik ekologiya ha`m insan ekologiyası rawajlandı. 20-30 jıllarda Orta Aziya ma`mleketlik universitetinde D.N.Kashkarov ha`m E.P.Korovinler ekologiya-geografiya mektebin du`zip, u`lkemiz ta`biyatın ekologiyalıq jaqtan izertlew baslanadı. 1940-50 jıllarda sabıq awqamda ekologiyalıq bilimlerdin` rawajlanıwı pawseyip ketti. Lekin, a`tirap ortalıq jag`dayı tez o`zgere baslag`an XX a`sirdin` 60-jıllarına kelip ekologiya jedel rawajlandı, tu`rli jan`a jo`nelisler payda boldı.

İnsan ha`m qorshag`an ortalıq arasında o`z-ara mu`na`sebetler keskinlesken, pa`n-texnika jedel ta`rizde rawajlanıp atırg`an da`wirde ta`biyattı qorg`aw en` tiykarg`ı mashqalalardan biri esaplanadı. Ta`biyattı qorg`aw tu`sinigi insannın` qorshag`an ortalıqqa keri ta`siri ju`zege kelgen uzaq o`tmishten jaqsı ma`lim. Eger ilgeri ta`biyattı qorg`aw degende ma`lim a`meliy ta`dbirler toplamı tu`sinilgen bolsa, song`ı jıllarda o`z aldına kompleksli pa`n qa`liplespekte. Ta`biyattı qorg`aw antropogen zat ha`m energiya almasıwı nızamlıqları, bul protsesstin` ta`biyat ha`m ja`miyet o`z-ara baylanısına ta`siri qa`siyetleri, insaniyattın` keleshektegi rawajlanıwı maqsetlerinde usı protsessti basqarıw jolların islep shıg`atug`ın pa`n bolıp tabıladı. Usı pa`nnin` sotsekologiya, antropotsenologiya, ta`biyattan paydalanıw sıyaqlı tu`rli atları ha`m usınılg`an.

Ta`biyattı qorg`aw ja`miyet rawajlanıwının` tu`rli basqıshlarında maqset ha`m mazmunına ko`re parıqlang`an. Ta`biyattı qorg`awdın` da`slepki basqıshında jog`alıp baratırg`an ayırıqsha o`simlik ha`m haywan tu`rlerinin` qorg`alıwı a`melge asırılg`an. İnsaniyat mu`ta`jliklerinin` o`siwi menen ta`biyiy resurslardı qorg`aw ha`m onnan sanalı tu`rde paydalanıw basqıshı payda bolg`an. XX a`sirdin` ortalarınan baslap ta`biyiy resurslar menen bir qatarda ayırıqsha siyrek ushırasatug`ın ta`biyiy aymaqlardı qorg`aw basqıshı ajıratıladı. Qorshag`an ortalıqtı ha`zirgi zaman ekologiyalıq qorg`alıwı basqıshı insannın` ta`biyatqa ta`siri ulıwma planetarlıq da`rejege jetken.

Ta`biyattan paydalanıw, onı o`zgerttiriw ha`m ta`biyattı qorg`aw o`z-ara tıg`ız baylanısqan protsessler esaplanadı. Ta`biyattı qorg`awdın` ha`zirgi tiykarg`ı wazıypaları ta`biyiy resurslardan sanalı paydalanıw, shıg`ındısız islep shıg`arıwdı ken` tarqatıw, qorshag`an ortalıqtı pataslawdan saqlaw, unamsız o`zgerislerdi boljay alıw ha`m olardın` aldın alıwdan ibarat. Ta`biyattı qorg`aw haqqındag`ı pa`n ju`da ko`p qırlı bolıp, ol tek geografiya, biologiya, fizika, ximiya, ekonomika ha`m basqa ko`plep ta`biyiy ha`m sotsiallıq pa`nler tutasqan jerde g`ana rawajlanadı.

İnsannın` ta`biyatqa bilip ha`m bilmesten, unamlı ha`m unamsız ta`sir formaları ajıratıladı. Tog`aylardın` kesiliwi, haywanlardı awlaw, jan`a jerlerdi o`zlestiriw,

ka`nlerdi qazıw na`tiyjesinde insan ta`biyatqa bilmey ta`sir etiwinin` unamsız aqıbetleri sıpatında ko`zge taslanadı. Mısalı, jan`a jerlerdin` o`zlestiriliwi ha`m o`simlikler ha`m haywanlardın` qırılıp ketiwine alıp keledi. Taslandıq jerlerdi, tog`aylardı tiklew, ko`klemzarlastırıw, o`simlik ha`m haywanlardı ko`beyttiriw insannın` ta`biyatqa unamlı ta`sirine kiredi.

Ta`biyattı qorg`awdın` a`hmiyeti tu`rlishe bolıp, olardı ulıwmalastırıp to`mendegi ekonomikalıq, ilimiy, gigiena, ta`rbiyalıq, estetikalıq jo`nelislerge ajıratıw mu`mkin.

Ta`biyattı qorg`aw bir neshe mın` jıllıq tariyxqa iye. Biraq usı mashqalag`a ayırıqsha itibar XIX a`sirdin` aqırı ha`m XX a`sirdin baslarında payda boldı. 1864-jılı AQShta J.Mershtin «İnsan ha`m ta`biyat» kitabı basılıp shıqtı. Onda ta`biyattı qorg`awdın` za`ru`rligi haqqında da`slepki pikirler berildi. 1910-jılı Shveytsariyada Evropadag`ı birinshi ta`biyattı qorg`aw ja`miyeti du`zildi. 1913-jılı Bernde ta`biyattı qorg`aw boyınsha birinshi xalqara ken`es shaqırıldı. 1948-jılı Ta`biyattı qorg`aw xalqara awqamı du`zildi. Ta`biyattı qorg`aw ha`reketleri XX a`sirdin` ekinshi yarımında qattı ku`sheydi. O`zbekstanda ta`biyattı ilimiy tiykarda qorg`aw a`melde 1920-jıldan baslang`an.

Ta`biyat ha`m ja`miettegi predmet ha`m ha`diyselerdin` ulıwma o`z-ara baylanıslılıg`ı tuwrısındag`ı materialistlik dialektikanın` nızamı ta`biyattı qorg`awdın` metodologiyalıq ha`m ilimiy tiykarı bolıp esaplanadı. Ta`biyat ha`m ja`miyettegi bar bolg`an o`z-ara baylanıs ha`m ta`sirlerdi esapqa alg`anda g`ana ta`biyiy resurslardan sanalı paydalanıwdın ilimiy tiykarlang`an jolların islep shıg`ıw mu`mkin.[1]

[1] www.ziyonet.net

## II Bap. Ta`biyat – barlıqtın` quramalı bo`legi

### 1. Ta`biyat filosofiyalıq tu`sinik sipatinda. «Ekinshi ta`biyat»

Antik dawirdin` o`zinde, tabiyiy sharayat sotsialliq rawajlaniwg`a ta`sir etetug`inlig`i haqqindag`i fakt itibarg`a aling`an edi. Bul haqqinda Demokrit, Gippokrat, Platon, Aristotel aytip o`tken edi. Keyinshelik, Ibn Haldun, Jan Boden, Monteske, jamiyet adam erkinen g`a`rezsiz ra`wishte, tek g`ana ta`biyat nizamlarina boysing`an halda qa`liplesedi ha`m rawajlanadi dep jazip qaldirg`an edi.[1]

İnsandı qorshap turg`an ta`biyat, onın` payda bolıwı ha`m rawajlanıwı nızamlıqların filosofiyalıq ko`z-qarastan tu`siniw ha`m ilimiy biliw a`meliyatta u`lken a`hmiyetke iye. Ta`biyat tu`rli forma ha`m ko`rinislerde bolıp insandı qorshap turg`an materiallıq du`nya, pu`tkil barlıqtı o`z ishine qamrap aladı. Olardın` ha`mmesi pu`tkil barlıq jıyındısın, sonın` ishinde, insandı ha`m sa`wlelendiredi. Ta`biyat tu`rli ma`lim bir forma ha`m ko`rinisleri menen insandı qorshap turg`an materiallıq du`nya ma`lim na`rselerden baslap, galaktikalar, metagalaktikalar, kvazerlar, pulslar, atomlar, elementar bo`leksheler ha`m fizikalıq maydanlardı o`z ishine aladı. Tar ma`nide tiri organizmler jasawı ushın sha`rt-sharayat bolg`an Jer, atmosfera ha`m basqalar bolıp tabıladı. Ta`biyat tu`sinigi materiya tu`sinigine jaqın turadı. Demek, ta`biyat tu`rli zatlardan quralg`an materiya ko`rinislerinen biri bolıp esaplanadı.

İnsan o`mirde eki tu`rdegi – ta`biyiy (birlemshi ta`biyat) ha`m jasalma (ekinshi ta`biyat) ortalıqta jasaydı. Bulardı bir-birinen parıqlay alıw ha`m olardın` o`zine ta`n ta`replerin esapqa alıw za`rur. Ta`biyiy ortalıq yamasa birlemshi ta`biyat – insannın` iskerligi miyneti na`tiyjesine baylanıslı bolmag`an xalda o`mir su`riwshi na`rseler – hawa, topıraq, suw, quyash, o`simlik ha`m haywanat du`nyası sıyaqlılardın` bir pu`tinligi bolıp tabıladı. Olarsız insannın` payda bolıwı ha`m, jasawı ha`m mu`mkin emes. Jasalma ortalıq, yag`nıy ekinshi ta`biyat – insannın` miyneti ha`m iskerligi na`tiyjesinde ol ta`repinen jaratılg`an barlıq na`rseler –

[1] Основы философии. Т.: «Узбекистон», 1998, стр. 333.

kiyim-kenshek, jasalma jaqtılıq, turar jaydan baslap insan uzaq waqıtlar dawamında jasap, do`retiwshilik qılıw mu`mkin bolg`an kosmos kemelerine shekem bolg`an tarawlardı o`z ishine aladı.

Demek, Ta`biyat tu`sinigi birinshi ta`biyiy sharayatlardı emes, al ja`miyetlik-paydalı miynet protsessinde jaratılatug`ın materiallıq baylıqlardı ha`m sa`wlelendiredi. Bul jag`ınan ol sha`rtli ra`wishte ekilemshi, bazı jag`daylarda «ekinshi ta`biyat» dep ataladı. İnsannın` o`mirlik iskerligi ta`biyatqa baylanıslı ornatılg`an iskerliktin` real tirepberdisin (negizin) quraydı. Sol sebepli ja`miyet rawajlanıwı protsessinde ta`biyatqa bolg`an mu`na`sebettin` o`zgerip barıwı insaniyat turmıs iskerliginin` xarakteri, ko`lemi ha`m jo`nelislerin belgileydi. Olar sanalı joldan barsa, ta`biyat penen insaniyat arasında qarama-qarsılıq kelip shıqpaydı ha`m kerisinshe, insaniyat iskerliginin` artıwı ta`biyatqa bolg`an filosofiyalıq, yag`nıy teoriyalıq, ruwxıy-ma`deniy mu`nasebetin belgileydi. İnsaniyattın` ta`biyatqa mu`na`sebetleri ha`miyshe o`zgerip, rawajlanıp, bazıda jaqsılanıp, bazıda jamanlasıp kelmekte. Ma`selen, qadimgi ja`miyetlik du`zimde adamlar ta`biyattı quday dep esaplaytug`ın edi. Bull jag`day animizm dep atalg`an diniy tu`siniklerde o`z sa`wlesin tapqan. Ol da`wirde insan menen ta`biyat bir-birine qarama-qarsı ta`repke awıp ketpegeni sebepli, qadimgi dinlerde ta`biyat ruwxıy du`nyanın` a`piwayı gewdeleniwi, ondag`ı ha`mme na`rse o`tkinshi dep qaralg`an. Evropada`XV-XVI a`sirlerde ju`z bergen Oyanıw (Renessans) da`wirinde ta`biyat ha`mme ta`biyiylik, uyg`ınlıkq ha`m jetiskenliktin` ko`zge taslanıwı sıpatında talqın etilgen. Bunday ko`z-qaras keyinshelik ta`biyiy huqıq teoriyasında o`z sa`wlesin tapqan. Negizinde, ta`biyattag`ı uyg`ınlıq ha`m jetiskenlik absolyut emes, salıstırmalı. Ta`biyattın` o`z nızamları bar. Olar o`zinin` ta`siri, ulıwmalıq da`rejesi, qa`siyetleri jag`ınan bir-birinen parıqlanadı.

İnsan o`zinin` kelip shıg`ıwı ha`m jasaw ko`z-qarasınan ta`biyattın` bir bo`legi bolıp tabıladı. Usı ma`niste ta`biyat, mazmunı jag`ınan ha`mme iskerliktin` jıyındısı, ha`mme na`rse ha`m ha`diyselerdin` ulıwma baylanısı, ulıwma barlıg`ı esaplanadı. Ha`zirgi zaman pa`nleri du`nyanın`, ta`biyattın` sheksiz, juwmaqsızlıg`ı tuwrısındag`ı jan`adan-jan`a da`liyller berimekte. Pa`n tarawındag`ı

jetiskenliklerdin` ko`rsetiwinshe, bizin` galaktikamız kosmosta jalg`ız emes, al sheksiz juldızlar sisteması́nın` biri bolıp tabıladı. Bizin` galaktikamızdan tısqarıda jaylasqan san-sanaqsız juldızlar sisteması bar.

Ta`biyat, pu`tkil materiallıq du`nya ma`ngi ha`rekette, toqtawsız o`zgeris ha`m rawajlanıwda boladı. Barlıq deneler – Ay, Quyash, planetalar, meteoritler kosmosta sheksiz ha`m waqıtta ma`n`gi bolg`an tınımsız ha`reketi protsessinde bazı bir na`rseler jemiriledi, jan`aları payda boladı.

Ta`biyattın` million jıllar ishindegi rawajlanıwı protsessinde tiri emes ta`biyat kelip shıg`adı. Tiri ta`biyattın` payda bolıwı materiyanın` sheksiz kosmostag`ı rawajlanıwınan kelip shıg`ıwı mu`mkin bolg`an aqıbetlerinen biri esaplanadı. Tiri ta`biyatta keyinrek ju`z bergen ha`diyseler uzaq dawam etken rawajlanıw na`tiyjesi bolıp tabıladı. Tiri emes ta`biyat (o`li ta`biyat) ta ma`n`gi ha`rekette boladı.

Ta`biyat rawajlanıwının` joqarı shoqqısı tiri organizmlerdin` kelip shıg`ıwınan ibarat. O`simlikler du`nyası ha`m bir kletkalı janzatlardın` payda bolıwı organizmler rawajlanıwındag`ı da`slepki basqısh esaplanadı. Da`slep payda bolg`an organizmler o`zinin` du`zilisi ha`m qa`siyeti jag`ınan ha`zirgi haywan ha`m o`simliklerdin` en` a`piwayıları bolg`an.

Organikalıq birikpelerdin` bir neshe million jıl dawam etken rawajlanıwı na`tiyjesinde haywanlardın` ha`zirgi tu`rleri payda bolg`an.

Tiri ta`biyat insannın` payda bolıwı ushın ha`mme za`ru`r sha`rt-sharayattı ta`miyinlegen. Ta`biyattın` quramlıq bo`legi bolg`an adam tiri organizmlerdin` uzaq waqıt dawamında ju`z bergen rawajlanıwının` nızamlı jemisi bolıp tabıladı. Adamnın` payda bolıwın tiri ta`biyat rawajlanıwınan ajıratıp bolmaydı.

Ta`biyat tu`sinigi insaniyat ja`miyetinin` o`mirlik iskerliginde ju`z beretug`ın ta`biyiy sharayatlar kompleksi sıpatında ha`m isletiledi, uyreniledi. Sebebi bul ma`nidegi ta`biyat tu`sinigi a`piwayı pa`n obekti (predmeti) sıpatında emes, insan ha`m ja`miyettin` tariyxıy ja`miyetlik mu`na`sebetler sistemasında tutqan ornı ha`m atqaratug`ın funktsiyası menen tu`sindiriledi. Biraq, a`dette ta`biyat tu`sinigin belgili bir shegarada, yag`nıy insan ha`m insaniyat barlıg`ının`

ta`biyiy sharayatları jıyındısı sıpatında ha`m isletiledi. 1924-jılı Parijdegi ilimiy simpoziumda rus alımı V.Vernadskiydin` biosfera keleshegi tuwrısındag`ı kontseptsiyası dodalawında frantsuz alımı E.Lerua «Noosfera» atamasın birinshi bolıp kqolladı. Bul termin tu`rli talqıng`a iye bolsa da, Aqıl tarawı sıpatında a`piwayı ta`riyplew ken` tarqalg`an. Negizinde noosfera biosferanın` sonday bir jag`dayı, biosferanı Aqıl ja`rdeminde insaniyat ulıwma ma`plerine muwapık rawajlandırıw, onın` keleshegin oylap, jan`a ko`z-qarastı qa`liplestiriw protsessinin` baslanıwın an`lap jetiw bolıp tabıladı. Bug`an ko`re, ilimiy-texnika rawajlanıwı (İTR) ha`m a`sirese ilimiy-texnika ınqılabı (İTI) sharayatında Ana-ta`biyattı asırap-abaylaw ushın insaniyat juwapkershiligi asıp baratırg`anlıg`ın esapqa alıp, jalpı ulıwma ha`reket jo`nelisin belgilew za`ru`riyatın bilip alıw esaplanadı.

## 2. Ta`biyat, ja`miyet ha`m adam kooevolyuciyası

İnsan ha`m ja`miyet ta`biyattın` ajıralmas bir bo`legi bolıwı menen birge, onın` ayırıqsha bir bo`limi. Ja`miyet ha`miyshe ta`biyat penen o`z-ara baylanısta boladı. İnsan ma`n`gi ta`biyattın` qushag`ında jasaydı. İnsan hesh qashan ta`biyattan tısqarıda, ol menen baylanıs ha`m mu`na`sebette bolmastan turıp jasay almaydı. Ta`biyat penen ja`miyet, ta`biyat penen insan, ta`biyat tariyxı menen ja`miyet tariyxı dialektikalık birlikte, ta`sir ha`m keri ta`sirde boladı. Olardı bir-birinen ajıratı mu`mkin emes. O`z aldına insan da, ulıwma ja`miyet ha`m insaniyat du`nyası da teoriyalıq, fizikalıq, a`meliy jaqtan ta`biyat penen tıg`ız baylanısta jasaydı.

Adamzat ja`miyet bolıp jasawg`a o`tkennen keyin, ta`biyatta jan`a bir jag`day ju`zege keldi. «Ekinshi ta`biyat»tın` jaratılıwı bir ta`repten jasaw qolaylıqların payda etken bolsa, ekinshi ta`repten ta`biyattag`ı uyg`ınlıq, ten` salmaqqa (kooevolyutsiyag`a) zıyan tiygize basladı.

Keyingi 50-100 jıllar dawamında, a`sirese ilimiy-texnika ınqılabı na`tiyjesinde insannın` ta`biyatqa qılatug`ın ta`sir imkaniyatlarının` artıp ketiwi, sanaat ha`m transport usıllarının` ja`ne de jetistiriliwi, xalıq sanının` ko`beyip

barıwı, urbanizatsiya protsessi, ta`biyiy resurslardan ta`rtipsiz, tar ma`plerdi go`zlep, eski texnologiyalar ja`rdeminde paydalanıw sıyaqlı bir qatar jag`daylar insan ha`m ta`biyat arasındag`ı, mu`nasebetler uyg`ınlıg`ın buzıp jiberdi. Sol sebepli ha`zirgi da`wirde insan ta`repinen ta`biyatqa ko`rsetilgen ta`sirdi ta`rtipke salıw ja`miyetlik rawajlanıw menen ta`biyiy ortalıqtı uyg`ınlastırıw, insan ha`m ta`biyattın` o`z-ara mu`na`sebetinde ten` salmaqqa erisiw problemasi barg`an sayın aktual problema bolıp qalmaqta.

Sinergetika ko`z-qarasınan barlıq na`rse, ha`diyse, protsessler ta`rtipsiz (xaos, joqlıq) jag`dayınan ha`reket na`tiyjesinde ta`rtipli bir sistemalarg`a kelip, nızamlı ha`reketke iye bolıp qaladı. Xaos – joqlıq, ta`rtipsizlikten (bull da materiya ha`reketinin` bir ko`rinisi) Kosmos 15-20 milliard jıl aldın o`z-o`zinen payda bolıp, jeterli strukturag`a iye bolmag`an na`rselerden jan`a strukturalı deneler payda bolg`an. Biraq bull ta`rtipke tu`sken na`rselerde tura`lılı` ha`m turaqsızlıq jag`dayları ju`z berip turadı.

Kosmoslıq dene bolg`an Jer shama menen bunnan 6-6,5 mlrd. jıl aldın o`z-o`zinen payda bolg`an. 3,8 mlrd. jıl aldın Jerde o`mir belgileri payda bolg`an. Tirishilik tarawı kelesheginin` ma`lim bir basqıshında da`slepki qa`dimgi adamlar shama menen million jıl aldın bir tu`r sıpatında o`z-o`zinen payda bolg`an ha`m ha`zirgi fiziologiyalıq ha`m intellektual ko`riniske iye bolg`an adam zatı - Homo sapiens – sanalı adam bunnan 50-40 mın` jıllar aldın payda bolg`an. Bul tiptegi adam miyi yarım sharlarında rawajlang`an til orayının` payda bolıwı na`tiyjesinde onın` yadı ha`m aqıl-oyı aldıng`ı adam tiplerinen sıpat jag`ınan parıq qılatug`ın jag`dayg`a kelgen. Na`tiyjede adamlar jamaa bolıp turmıs keshiriwge o`te baslag`an. Adamzattın` ja`miyet bolıp jasawg`a o`tiwi aqıbetinde Jer ju`zinde Aqıl tarawı – Noosfera payda bolıp, biosferag`a ol aktiv ta`sir ko`rsete basladı. İTR ha`m İTI na`tiyjesinde «ta`biyat – ja`miyet - insan» kooevolyutsiyası buzıla baslap, endi Jer dep atalg`an ta`biyattı ja`ne xaos jag`dayına qaytarıw qawipin ju`zege keltirmekte. Aqıl sebepli ju`z bergen bul qawiptin` aldı tek insan oylaw ta`rizin o`zgerttiriw ha`m aqıldı sanalı isler ta`repke burıp jiberiw arqalı sheshiliwi mu`mkinligine alımlar itibarın qaratpaqta.

Adamlardın` sotsiallıq birlespesi bolg`an ja`miyet, onın` kelip shıg`ıwı, rawajlanıwı haqqında diniy, ko`rkem, ilimiy ha`m filosofiyalıq a`debiyatlarda tu`rlishe pikirler bar. İTI rawajlanıp baratırg`an, bul protsess insaniyat sanası, ruwxıy du`nyasının` o`zgeriwine o`z ta`sirin o`tkiziwi menen birge, ta`biyiy ha`diyselerge de aktiv ta`sir ko`rsetiw da`wirine (Noosfera da`wirine) kirgen bir paytta, individlerde ja`miyetlik ha`diyselerge ilimiy jantasıwdı qarar taptırıw aktual ma`sele bolıp turıptı.

Ja`miyet te makro ha`m mikro deneler sıyaqlı o`zin-o`zi sho`lkemlestiriwshi ha`m basqarıwshı sistema bolıp tabıladı. Bull sistema belgili nızamlar tiykarında o`mir su`redi ha`m jetilisip baradı.

Eki jınıstın` bir nekelikke tiykarlang`an shan`arak formasında jasawga o`tiwi, ruw, qa`wim, elat, xalıq, milletlerdin` payda bolıwı ha`m sol birliklerde o`z materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwı nızamlı protsessler bolıp esaplanadı.

Ja`miyet rawajlanıwının` bolıwı, mu`lkiy mu`nasebetler, islep shıg`arıw mu`na`sebetleri, ha`r bir ja`miyettin` o`z bazisinin` bolıwı, bazar ekonomikası mu`na`sebetleri (bulardı ekonomika teoriyası ha`m sotsiologiya pa`nleri teren` uyrenedi) usı ja`miyetlik ha`diyseler a`lbette ja`miyetlik nızamlar ta`sirinde tariyxıy ta`rizde o`z-o`zinen qaliplesken.

Ta`biyat nızamları menen ja`miyet (ja`miyetlik) nızamları arasında ulıwmalıq ha`m jekelik bar. Ha`r eki jo`nelistegi nızamlar obektiv xarakterge iye, yag`nıy olar adamlardın` sanası, qalew-erkine baylanıslı bolmag`an xalda a`mel qıladı. Bul nızamlar arqalı ha`r qanday pu`tinlik bir sistema formasında o`z-o`zinen ha`reketke kelip, o`z strukturalıq du`zilisine iye boladı.

Ta`biyat nızamları adamzat payda bolmastan aldın ha`m bar edi, olar quyash sisteması ha`m bizin` planetamız shen`berinen tısqarıdag`ı sistemalarda da a`mel qıladı. Ja`miyet nızamları tek g`ana Aqıllı maqluq – adamlardın` ja`miyetlik birlespelerinde boladı ha`m usı protsesslerdegi qatnasıwına qarap, individler shaxsqa aylanadı, ja`miyet nızamlarının`a`mel qılıwı adamlar birlespelerinin` sanalı iskerligi menen baylanısıp ketedi.

Ta`biyat nızamları uzaq tariyxıy da`wirde a`mel qıladı, ja`miyet nızamları salıstırmalı qısqa mu`ddet dawamında o`z hukimin o`tkeredi. Ta`biyattın` jan`a nızamlarının` ashılıwı birden ja`miyetlik la`rzege alıp kelmeydi, sotsiallıq nızamlardın` ashılıwı ha`m og`an a`mel qılıw bolsa u`lken ja`miyetlik la`rzelerge alıp keliwi mu`mkin.

Ha`r bir tariyxıy da`wir ha`m ma`mlekettegi sotsiallıq mu`na`sebetlerge muwapıq ra`wishte individler belgili bir sotsial ko`riniske iye boladı. Sotsial toparlardın` ma`pleri ha`m mu`ta`jliklerin teren` an`lap, olardı anıq-ra`wshan maqsetlerge qaray jeteklewshi insanlarda shaxsiy qabiletler rawajlanıp, sol topar, pu`tinlik (ruw, qawim, elat, xalıq, millet, klass, partiya, miynet ha`m oqıw ja`maati x.t.b.) jetekshisine aylanadı.

O`z na`wbetinde shaxslardın` ko`z-qarası, ma`nawiy, a`dep-ikramlıq ko`rinislerine sa`ykes ta`rizde sol sotsial pu`tinlikler o`zlerin sa`wlelendiredi. Sol jag`ına qarag`anda, shaxs eki ko`riniste o`zin ko`rsetedi: eger ol o`zi tiyisli bolg`an ja`miyetlik birlik (hareket, partiya x.t.b.) maqseti ja`miyetlik rawajlanıwg`a qaratılg`an bolsa, bunday ortalıqta iskerlik ko`rsetetug`ın shaxslar awladlar yadında ma`n`gi saqlanıp, kelesi awlad ushın da ibrat mektebine aylanadı.

Bizin` pikirimizshe, shaxs tiyisli bolg`an ja`miyetlik (sotsial) birlik maqsetleri ja`miyetlik rawajlanıwg`a qarsı bolsa, bunday shaxslarg`a jek ko`riwshilik penen qaraw qudiretli ja`miyetti aldıng`a ha`reket qılıwg`a jol ashadı. Bul jag`day tariyxıy shaxslar iskerliginde anıq ko`zge taslanadı.

Ta`biyat ha`m ja`miyet nızamları arasında parıqlar menen birge ja`ne bir baylanıs sonnan ibarat, biosferanın` Noosfera basqıshına otiwi nızamlı protsess bolıp, bunı an`lap iskerlik jo`nelisin belgilew ta`biyattı (Jer) da, ja`miyetti de katastrofadan saqlap qaladı.

Ta`biyat ham ja`miyet nızamların biliwdin` o`zine ta`n qa`siyeti sonnan ibarat, ta`biyat ha`m onın` ha`diyseleri biliw obekti, biraq olardın` o`zleri biliw subekti emes. Ja`miyet nızamları ha`m biliw obekti, ha`m subekti bolıp esaplanadı. Sebebi, ja`miyet bir-biri menen mu`ta`jlikler ha`m ma`pler baylanısında birlesken adamlar ha`m ja`miyetlik toparlardın` bir pu`tin birligi, birlespesi bolıp tabıladı.

Ol belgili bir ja`miyetlik sistemanın` islewi ha`m rawajlanıwı ushın za`ru`r sha`rt-sharayattı an`latıp, na`rse ha`m ha`diyselerge adamlardın` anıq mu`na`sebetlerinde ko`zge taslanadı. Mu`ta`jlikler shaxsiy, toparlıq, klasslıq, ka`siplik, milliy ha`m ulıwma xarakterine iye boladı. Mu`ta`j ha`r bir adam, sotsiallıq topar, klass, elat, xalıq, millet iskerligi, rawajı ushın za`rur bolg`an o`z-ara muwapıklıq, ten` salmaqlıqtı saqlawg`a qaratılg`an mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw dep tu`sinilse durıs boladı. Mu`ta`jlikler qanday tu`s alıwı shaxsiy ha`m ja`miyetlik ma`plerdi ilimiy-filosofiyalıq an`lawg`a ko`p jag`ınan baylanıslı.

Ja`miyetlik ma`pler obektiv bolıp, onı durıs tu`siniw shaxstın` turmıs ta`jiriybesi, tariyxıy yadı, ilimiy potentsialı, insaniy sıpatları, ko`z-qarası menen tıg`ız baylanısıp ketetug`ın iyman-iseniminin` ideologiyalıq jo`nelisine de baylanıslı. Adamzattın` ishki du`nyasın «men» di sırtqı – u`lken du`nya (ja`miyet yamasa belgili bir ja`miyetlik birlik) penen baylanısıwdın` za`ru`r sha`rti bolg`an iyman tu`sinigi arqalı barlıq pa`nler adamnın` insang`a (ja`miyetlesken individlerge) aylanıwdın` tariyx klassınan o`tken sotsial mexanizmlerine iye. Sol sebepli, ilimiy-filosofiyalıq ko`z-qarastı individler iymanına aylandırıw milliy ideologiyalar ideyasına aylanıwın İTI da`wiri biykarlamaydı. Ma`selen, milliy ma`plerdi teren` an`lag`an adamlar ha`m ja`miyetlik toparlar o`z ma`plerin milliy ha`m ulıwma ma`plerge boysındıra aladı, na`tiyjede shaxsiy ma`p penen ja`miyetlik maqsetler uyg`ınlıg`ı payda bolıp, individler turmısı mazmunlı tu`s aladı, olar jeke jalg`ızlık, ayanıshlıq sezimlerinen parqı bolıp, na`tiyjesinde ja`miyetlik rawajlanıwg`a u`les qosa alatug`ın shaxslarg`a aylanıp, o`zlerinen o`zlerine jaqsı at qaldıradı.

Ha`r qanday individtin` materiallıq ha`m ruwxıy mu`ta`jlikleri a`ne sol ma`pler shen`berinde qa`liplesse g`ana onın` o`miri mazmunlı o`tedi. Bunday mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw jolındag`ı barlıq iskerlik na`tiyjesinde ja`miyetlik nızamlardın` a`mel qılıw jolları rawanlasadı. Usı ja`miyetlik birlik negizinde ma`lim aymaqta belgili bir ja`miyet ha`m ma`nawiyat quramında birlesken insanlar o`z tariyxın jaratıw, o`z tag`dirin belgilew imkaniyatına iye boladı. Eger olar ja`miyetlik nızamlardı an`lap, olarg`a a`mel qılıp boysınsa, ja`miyetlik

rawajlanıwdı tezlestiredi, al eger kerisinshe bolsa, ja`miyetlik rawajlanıw pa`seyiwi ha`m kriziske ju`z burıwı mu`mkin. Biraq, ja`miyetlik rawajlanıw obektiv xarakterge iye bolg`anlıg`ı sebepli, nızamlar o`zlerine jol ashıp aladı ha`m a`lbette ja`miyetlik rawajlanıw to`mennen joqarıg`a, a`piwayıdan quramalıg`a qarap rawajlanıp baradı. Adamlar, olardın` toparları ha`m jolbasshıları ja`miyetlik nızamlarg`a a`mel qılg`an jag`dayda g`ana insaniyat parlaq keleshekke iye bola aladı.

## 3. İlimiy-texnika ınqılabı (İTI) ha`m onın` aqıbetleri

Adamzat million jıllar dawamında o`z ku`shi ja`rdeminde jasaw ushın gu`resip keldi. Tog`aylardı joq qılıp, sharwashılıq ha`m diyxanshılıq ushın tegis jaylawlar ha`m maydanlardı payda etti. Jer beti landshaftların o`zgertip bardı. Keskir qurallar, taslar, nayzalar ja`rdeminde haywanat a`lemine qarsı hu`jim basladı. Olardın` bir bo`legin o`z hu`kimine boysındırıp, u`y haywanlarına aylandırdı, olardan azıq-awqat sıpatında paydalanıwdan tısqarı ja`ne o`z awır miynetin sol ja`niwarlar moynına ju`kledi. Aw qurallarын jetilistirip barıp, haywanat a`lemi u`stinde tolıq hu`kimran bolıp aldı. Haywanlar ja`rdeminde o`z-ara uruslar sho`lkemlestirdi, u`ngirlerde jasaytug`ın ham tirishilik qılatug`ın adamlar jasaw ushın gu`res formalarınan biri – o`z tu`ri – adam zatına qarsı barıp, onı boysındırıw, olardın` an`shılık ha`m diyxanshılıq maydanların iyelep ha`m boysındırılg`an adamlardın` miynetinen paydalanıw jolına o`tti. Adam toparlarının` adam toparlarına qarsı urus ashıwı protsessinde u`ngir adamlarına ta`n pikirlew ha`m turmıs ta`rizi qarar taptı. Bug`an ko`re, bir ruw ha`m qawimnin` jaqsı jasawı ushın basqa ruw-qa`wimler olarg`a boysınıwı, jen`gen adamlar toparı qulı sıpatında olar ushın miynet qılıwı sha`rt edi. Bizge ma`lim bolg`an tariyxtın` keyingi to`rt mın` jılında usınday uruslarda 6 milliard adam qanı da`rya bolıp aqtı. Bul qırg`ın uruslarda bizin` ata-babalarımız ha`m shette qalmag`an. Shıg`ıstan batısqa qaray qılıng`an qorqınıshlı urislar, onın` na`tiyjesinde ju`zege kelgen ju`da u`lken imperiyalar bug`an da`liyl. Biraq Evropa ma`mleketlerinde ju`z bergen

ilimiy-texnika rawajlanıwı, par mashinaları, son` dvigatellerdin` payda bolıwı adam mitynetin texnika moynına ju`klewden tısqarı urıs quralları jetistirilip barılıwına ken` jol ashtı. Batıs Evropanın` iri ha`m orta ma`mleketleri, ullı ma`mleketshilik, ullı milletshilik shovinizmi ideyaları menen sanası za`ha`rlengen xalıqları, milletleri tek g`ana bir ruw, elat ha`m xalıq penen emes, al pu`tkil xalıqlar ha`m ha`tteki kontinetlerde jasaytug`ın derlik ba`rshe elat ha`m milletler u`stinen hu`kimranlıq qılıp, olardın` jer astı ha`m jer u`sti baylıqların talaw, adamlardı qulday isletiw arqalı baylıq toplaw, xalıqlar qorlıg`ı, awır miyneti arqalı jaqsı jasaw jolına kirip aldı. XVIII-XIX a`sirler Batıs Evropa ma`mleketleri koloniyalıq sistemasının` saltanatı da`wiri bolg`an bolsa, XX a`sir pa`n-texnika pa`rwazı ha`m koloniyalıqqa qarsı milliy azatlıq gu`reslerinin` ha`u`ij alıwı menen xarakterlenedi. İlimiy-texnika rawajı (İTR) da`wirinde islep shıg`arıwdın` mexanizatsiyalaw ha`m avtomatlastırıw, İTI ju`z bergennen son`, xabar texnologiyalarının` jetistiriliwi ha`m rawajlanıwı sebepli misli ko`rilmegen jasaw sharayatı payda boldı. Ekinshi jag`dayda milliy sana rawajı milliy o`zlikti an`law sebepli ken` qulash jazg`an milliy-azatlıq urisları ha`m gu`resleri koloniyallıq rejimine tiykarınan juwmak jasadı. A`sir aqırında du`nyadag`ı en` iri koloniyallıq imperiyası – Sovet ma`mleketi jok boldı. Aldıng`ı «eki polyusli» du`nyanın` «ko`p polyusli» du`nyag`a aylanıwı ideologiyalıq protsesslerge itibardı ja`ne de asırıp jiberdi.

Waqıyalardag`ı sıpat o`zgerisleri individler sanası, ma`mleketler halıqları sanasında o`zgerisler ju`z bergen bolsa-da, biraq da`stu`riy oylaw ta`rizinde u`lken o`zgerisler sezilmey atır. Yag`nıy, bir adam, bir ja`miyetlik qatlam, bir xalıq, bir millet jaqsı jasawı ushın basqa adamlar, ja`miyetlik toparlar, xalıqlar, elatlar, milletler de jaqsı jasawı kerek, bolmasa shın ma`nistegi pa`rawanlıq bolmaydı, degen oylaw ta`rizinin` qa`liplesiwi qıyın keship atır. Bul jag`day ja`ne u`ngir adamlarına ta`n pikirlew ha`m turmıs ta`rizi, yag`nıy kimdur jaqsı jasawı ushın kimlerdur jaman bolıwı kerek, degen ko`z-qaraslar hu`kim suriwi ushın ideologiyalıq tiykar bolıp qalmakta. Ha`zir basqa xalıqlar, milletlerdi uris jolı menen tutqınlıqqa salıp, olardın` baylıg`ı ha`m ku`shinen a`shka`ra paydalanıw

imkaniyatı sheklengen bolsa da, biraq iri ma`mleketler ortasha ha`m kishi ma`mleketlerdi o`z ta`sirine alıw ushın ideologiyalıq gu`res ku`sheyip, onın` aqıbeti sıpatında lokal urislar ushın jol ashılmaqta. Ruwxıy krizistin` ku`sheyip barıwı na`tiyjesinde insan ruwxı ha`m ja`miyettegi ruwxıy ortalıq ka`mbag`allasıp barmaqta. Bul bolsa ha`r bir ma`mlekette na`psi qurbanları – sho`lkemlesken jınayatshılar, tasbawırlıq, insanlar ta`g`dirine biyparıqlıq sezimlerinin` rawajlanıwı ushın qolay ja`miyetlik-siyasiy ortalıqtı qa`liplestirip qoymakta.

’’Milliy qa`wipsizliktin` og`ada u`lken qa`wipin qaray otirip, qorshap turg`an ortaliqtin` ha`m ekologiyaliq qa`wipsizlik ta`shiwishlerine og`ada ayiriqsha itibar beriwimiz kerek’’ - dep aytip o`tken edi prezidentimiz I.A.Karimov.[1]

XX a`sir o`zine ta`n eskerttiriw a`siri bolıp, adamzat eki jol – ya o`mir, ya o`lim jag`asına kelip qalg`anın ta`n almaw qıyın bolg`an fakt bolıp esaplanadı. Bul eki joldan qaysı birin tan`law adamzattın` ıqtıyarında. Noosfera – Aqıl tarawı jenip shıqsa, adamzat, onın` ma`mleketi, barlıq ja`miyetlik-siyasiy sho`lkemleri Aqıl miywesi bolg`an pa`n-texnika jetiskenliklerinen insaniylıq ma`pleri jolında paydalanıw da`wirine o`tedi: awızda emes, a`melde tınısh-tatıw jasaw, basqalardı qıyın ahwalg`a salıwdan waz keshiw, urıslar, ja`njeller, terrorshılıq ha`reketlerine, ulıwma urıslardı, ja`njellerdi adamzat a`meliyatınan shıg`arıp taslaw imkaniyatı bar, a`lbette. Bunın` ushın insan sanası ha`m oylaw ta`rizinde u`lken o`zgerisler ju`z beriwi kerek. Filosofiyalıq ko`z-qaras, jan`asha ma`nawiyat Noosfera da`wirinin` jetilisken ja`miyetlik mu`ta`jligi bolıp, bul aldı menen barlıq ma`mleketler geosiyasatı ha`m ideologiyasında o`zgerisler bolıwına itibardı qaratpaqta. Aldıng`ı tarqaq du`nya birden-bir pu`tin du`nyag`a aylang`anı da aldın siyasatshılar ha`m ideologlar, keyin barlıq sanalı insanlarda u`ngir adamlarına ta`n oylaw ta`rizinin` joq bolıwı ha`mde Noosfera da`wiri oylaw ta`rizi qa`liplesiwin za`ru`riyat qılıp qoymakta. Bolmasa ekologiyanın` pataslanıwı, insan ruwxının` ka`mbag`allasıwı, u`ngir adamlarına ta`n oylaw ha`m turmıs ta`rizi rawajlanıwı ushın qolay ja`miyetlik-siyasiy ortalıqtın` bolıwı sebepli insaniyat o`zi jasap

---

[1] Каримов И.А. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери. – Нөкис, Қарақалпақстан, 1998. 105 бет.

atırg`an Ana-ta`biyattı, onın` menen birge o`zin apatqa alıp keledi. Sebebi, Noosfera da`wirinde adamzat sonday u`lken, qu`diretli texnika ha`m xabar texnologiyasına iye boldı, onın` menen shınında da pa`rawanlıqtı ta`miynlew yamasa pu`tkil Planetanı joq qılıw quwatı ju`zege keldi.

## 4. Ekologiyalıq problema ha`m onı sheshiw jolları

Adam payda bolg`an da`wirden ha`zirgi waqıtqa shekem ta`biyatqa ta`sir qılıp, onı pu`tkilley o`zgerttirip jiberdi. Keyingi mın` jıllıqlar dawamında insan iskerligi na`tiyjesinde Jer sharı, ıqlımı, o`simligi, haywanat du`nyasının` tanıp bolmaytug`ın da`rejede o`zgerip ketkenligi bug`an mısal bola aladı. Aytıp otiw kerek, insannın keleshegin oylamay qılg`an is-ha`reketler, tu`rli qılmısları sebepli ta`biyat azar shekti, ko`p na`rselerden ma`n`gi ayırıldı. Ha`r qıylı kosmos shan`ları, ıssılıq elektr stantsiyaları, avtomobiller sanının` tez o`sip barıwı, radioaktiv zatlar ha`m basqalar ta`siri astında barlıq tiri janzatlardın` o`mir deregi bolg`an hawa shıdap bolmaytug`ın da`rejede iplaslanbaqta. Bunday qorqınıshlı ha`diyseler du`nyanın` derlik ha`mme ma`mleketlerinde tez-tez bolıp turıptı. Qorshag`an ortalıqtın radioaktiv ha`m ximiyalıq shıg`ındılar menen pataslanıwı xalıqtın, sharwa mallarının`, quslardın`, da`rya ha`m ko`lleri, suw ambarındag`ı balıq ha`m basqa ja`niwarlardın` ko`plep za`ha`rleniwine sebep bolmaqta. Alımlar hawa, suw ha`m jer u`stinin za`ha`rleniwi usınday dawam etetug`ın bolsa, tsivilizatsiya nabıt bolıwı mu`mkin demekte.

Ha`zirgi ku`nde ekologiya barlıq tiri organizmler – o`simlik ha`m haywanat a`lemi, pu`tkil insaniyat jasawı ushın za`ru`r bolg`an ta`biyiy ortalıqlar kompleksi menen o`z-ara mu`na`sebetleri nızamlıqların u`yreniwshi bir pu`tin pa`n sıpatında tu`siniledi.

Prezident İ.A. Karimovtın` “Uzbekiston XXI asr bo`sag’asida: xavfsizlikka tah’did, barqarorlik shartlari va taraqqiet kafolatlari” shıg`armasında du`nya ha`m ma`mleketimiz ko`leminde ekologiyalıq ahwal teren` analiz qılıng`an ha`m

salamat ekologiyalıq ortalıq jaratıw barısındag`ı orınlanıwı za`ru`r bolg`an shara-ta`dbirler sisteması ko`rsetip berilgen.

Bu`gingi ku`nde ha`r bir ma`mlekette, kontinentte ha`m pu`tkil du`nyada ma`nawiy-a`deplilik ortalıg`ın insaniylastırıw da`stu`rleri du`zilip, ma`mleketler, adamlar sho`lkemi iskerliklerin usı unamlı jolg`a burıp jiberiw lazım.

Ta`biyi ortalıqtı asıraw xalıqtı, a`sirese jaslardın` ekologiyalıq ma`deniyatın rawajlandırıw, olar menen alıp barılatug`ın ekologiyalıq ta`lim ha`m ta`rbiyalıq ko`lemi ha`m na`tiyjesine tuwrıdan-tuwrı baylanıslı. Ta`lim sistemaları, ja`miyetlik pikir arqalı adamlarda Noosfera – aqıl tarawı saltanatı da`wiri keliwine ka`mil isenim ruwxın qarar taptırıw turmıs talabı bolıp turıptı.

## 5. Ta`biyat rawajlanıwının` Noosfera (Aqıl tarawı) basqıshı ha`m adamzattın` jer planetası keleshegindegi juwapkershiliginin` asıp barıwı

Pa`n tariyxı degende fundamental xarakterdegi bilimler rawajlanıwı na`zerde tutıladı. Bul bilimler du`nya rawajlanıwının` en` ulıwma nızamları dep ju`ritiledi.

Bunday bilimler paradigmalardı tu`siniwge ja`rdem beredi. Paradigma ko`pshilik ta`repinen u`lken a`hmiyetke iye bolg`an ilimiy jetiskenliklerdin` ta`n alınıwı bolıp, ol ilimiy ja`maatshilikke bir qatar problemalardı qoyıw ha`m olardı jan`asha usulda sheshiw modelin beredi.[1] Mine usınday paradigmalar qatarına pa`n tariyxınan Aristotel dinamikasın, Ptolemeydin` geotsentristlik teoriyasın, Nyuton mexanikasın, Ch.Darvinnın` evolyutsion, V.İ.Vernadskiydin` biosfera teoriyaları ham basqalardı kirgiziw mu`mkin. Paradigmalardın` bir-biri menen almasıwı pa`n-texnika ınqılabına alıp keldi.[2]

---

[1] Кун Т. Структура научных революций. – М.: “Прогресс”, 1975., Стр.11.
[2] Қамбаров А. Жамиятнинг маънавий янгиланиши жараёнида илмий қадриятларнинг ўрни. Номзодлик диссертация иши, Фарғона, 2006, 113- б.

Du`nya barlıqtın quramlı bo`legi degende birinshi na`wbette ta`biyat du`nyası na`zerde tutıladı. Ha`zirgi zaman filosofiyasında ta`biyat tu`sinigi ken` ha`m tar ma`nide sıpatlanadı.

Onın` ken` ma`nisi du`nya, insandı qorshap alg`an du`nya (materiallıq na`rse ha`m ha`diyseler) na`zerde tutıladı. Ha`zirgi waqıtta bul tu`siniktin` tar ma`nisi du`nyanın` tirishilik bar bo`legin sıpatlaydı.

XIX a`sirdegi ta`biattanıw pa`nleri rawajlanıwı na`tiyjesinde o`mirdin` payda bolıwı ha`m Jerdegi evolyutsiya protsesslerinin` problemaların tu`siniwge baylanıslı jan`asha jantasıwlar payda boldı, sonday-aq insannın` du`nyada o`z ornın an`lap alıwına umtılıw ku`sheydi. Bul jag`day ta`biyat tusinigin sıpatlag`anda da ko`zge taslandı, ol du`nya, barlıqtın biosfera (J.Lamark 1802-jılda biosfera atamasın pa`nge kirgizgen), yag`nıy «o`mir tarawı» dep atalg`an bo`legin g`ana an`lata basladı**.** Biosfera jansız ta`biyattın` aldıng`ı rawajlanıw jemisi bolıp, Jerdin` o`mir su`rip atırg`an na`zik qatlamın quraydı. Ol atmosfera, gidrosfera ha`m litosferanın` joqarı bo`limin qamrap aladı.

Biosferada insan o`z aldına orındı iyeleydi. Ha`zirgi waqıtta ol janlı ta`biyattın` bo`legi, og`an aktiv ta`sir ko`rsetiwshi, aktiv ku`shke aylandı. Bul jag`day ekologiya problemalarında o`z sa`wlesin taptı. Olar keskinlesken sayın insan o`zinin` ta`biyatta o`zgergen ornın ja`nede teren`rek an`lay basladı; ta`biyat ha`m ja`miettin` o`z-ara baylanısı ma`selesin ilimiy, filosofiyalıq a`meliy ko`z-qarastan sheshiwge ha`reket qıla basladı. Bul jag`day biosfera ta`liymatının` qa`liplesiwine tu`rtki berdi. Bul ta`liymat rus alımı Vernadskiy V.İ. (1863-1945) ta`repinen islep shıg`ıldı. Alım janlı organizmlerdin` planeta boylap tarqalıwın biosfera dep atadı. Ol filosofiyanın` ilimiy izleniwi ushın u`lken a`hmiyetke iyeligin, filosofiya ta`biyiy pa`nler ushın metodologiya ekenligin tu`sindirdi ha`m biosfera ham noosfera ta`liymatında ta`biyatqa filosofiyalıq jantasıp, ta`biyat ha`m ja`miyet, insan o`z-ara baylanısın tiykarlap berdi. Ol o`zine deyin o`mir su`rgen ja`miyet ha`m tabiyat haqqındag`ı qaraslardı, "ta`biyat" pitpes-tausılmas derek dep esaplawshı da`sturiy ko`z-qaraslardı inkar etip, ja`miyet ha`m ta`biyat

baylanıslılıg`ı ta`biyattag`ı o`zgerislerde o`z sa`wlesin tabadı, bul o`zgeriste insaniyat qu`diretli geologiyalıq ku`shke aylanadı; bunı inabatqa almaw mu`mkin emes, degen ideyanı ilgeri su`rdi.

Vernadskiy ja`miyetke ja`nlı ha`m jansız ta`biyattın` birligi sıpatında, insang`a aktiv subekt sıpatında jantasıp, ja`miyet ham ta`biyattın` o`z-ara baylanısında insan iskerliginin` ornın onın` ta`sirinde ju`z bergen sıpat o`zgerislerin ilimiy tiykarlawg`a hareket qıldı. Ja`miyet ha`m ta`biyattın` o`z-ara mu`nasebetinde insan iskerliginin` ornın onın` en` a`hmiyetli printsipke aylanatug`ın jag`dayg`a erisiwdi ol «noosfera» (grek. noos – aqıl, ha`m sphaira – taraw), yag`nıy aqıl tarawı dep ataladı. Sonnan berli noosfera degende, insannın` ha`r qanday o`zgerttiriwshilik iskerligi ta`biyiy ha`m sotsiallıq protsesslerdi ilimiy tu`siniwge tiykarlanatug`ın ha`m ta`biyat rawajlanıwının` ulıwma nızamları menen muwapıqlastırılatug`ın materiya barlıg`ının` ba`rshe formaları birlesiwinin jokarg`ı basqıshı sıpatında tu`siniledi. Basqasha aytqanda, noosfera «ja`miyet-ta`biyat» siteması ta`biyiy-tariyxıy rawajlanıwının` joqarı basqıshı, ele bar bolmag`an, biraq qa`liplese baslag`an, eger insaniyat ta`biyiy apatlar ju`z beriwin qalemese ha`m keleshekte mu`nasip turmıs keshiriwdi qalese, a`lbette bar bolıwı kerek bolg`an basqısh bolıp tabıladı.

Bazı bir ilimpazlar aytqanınday, bunday «Biosfera» basqıshına erisiw ja`miyet ham ta`biyattın` – o`z-ara baylanısın optimallastırıw tiykarındag`ı rawajlanıwın na`zerde tutadı. Rawajlanıwdın` bul tipi ta`biyat ha`m ja`miyet kooevolyutsiyası dep ataladı ha`m noosferag`a erisiw onın` juwmag`ı esaplanadı.

Ja`miyet ha`m ta`biyat mu`na`sebetlerinin` rawajlanıw ideyaları jer ju`zinde organikalıq, keyinshelik – ja`miyetlik du`nyanın` payda bolıwı ha`m rawajlanıwın belgileytug`ın nızamlılıqlardın` jan`asha talqılanıwına tiykarlanadı. Janlı ha`m jansız ta`biyattın` o`z-ara baylanısının` na`tiyjesi sıpatında Jer litosferası, gidrosferası ha`m atmosferasının` jan`a jag`dayı ju`zege keldi, bul «biosfera» ha`m «noosfera» sıyaqlı sintetikalıq tu`siniklerde o`z sa`wlesin tabadı. Berilgen

tu`siniklerdin` ilimiy aylanısqa kiritiliwi ham` filosofiyalıq tiykarlanıwı o`zgerttirilgen ta`biyattı tu`siniwde pu`tkilley jan`a basqısh boldı.

«Noosfera» ataması frantsuz alımı E.Lerua ta`repinen 1927-jılda Parijdegi seminarda V.Vernadskiydin` usı tarawg`a bag`ıshlang`an lektsiyası dodalawında geologiyalıq biosferanın` ha`zirgi basqıshın sıpatlaw ushın usınılg`an. Keyinshelik bul atamadan P.Teyyar-de-Sharden ken` paydalang`an. Ol noosferanı u`shlemshi da`wir aqırında payda bolg`an, o`simlikler ha`m haywanlardı qamrap alıwshı, biosferadan tısqarıda ha`m biosfera a`mel qılıwshı Jerdin` «pikirlewshi qatlamı», onın` o`zine ta`n qabıg`ı sıpatında tu`sinedi.

«...Jerde oy ushqını jalt etken waqıt o`mir onın` o`zin sıng`a alıw ha`m ol haqqında hu`kim shıg`ara alatug`ın ku`shti jarattı»,[1] dep jazg`an edi alım. Noosfera insan iskerligi, bul iskerliktin` pikir ha`m wazıypaların maqset ham insannın` pikirlerin birgeliktegi hareketler usılında ulıwma birlesiwge shaqırıwshı insaniyattın` pikirlewshi ku`shler ha`m birliklerinin` pu`tin planetamız evolyutsiyasına ta`sir ko`rsetedi, onı ko`p jag`ınan belgileydi. V.İ.Vernadskiy noosferag`a biosferanı ha`m ulıwma ta`biyattı o`zgerttiriwge qaratılg`an insan iskerligi na`tiyjesi sıpatında jantastı. Onın` pikirinshe, Jer a`tirapında kelip shıg`ıwı antropogen qa`siyetke iye bolg`an «perde» payda boladı, biraq bul ideal taraw emes, al biosferanın` rawajlanıwındag`ı belgili bir basqısh. Bunda adamlardın` sanalı o`zgerttiriwshi iskerligi a`melde rawajlanıwdın` ha`reketlendiriwshi ku`shine aylandı, solay etip ju`zege kelgen «Aqıl tarawı» bolsa materiallıq ku`shke aylandı.

Evolyutsiya protsessinde rawajlanıwdın` ruwxıy ta`biyat`a iye bolg`an jan`a usılları ha`m printsipleri payda bolıwın ha`mde olardan paydalanıwdı o`zinde sa`wlelendiredi. Teyyar-de-Sharden pikirine ko`re, erkin pikirlew ha`m ashılıw qılıw, o`z ha`reket ha`m pikirlerin an`lay alatug`ın insannın` payda bolıwı – biologiyalıq ko`rinistin` jan`a, keleshekli rawajlanıwı, «barlıqtın` jan`a ta`rtibi»n ornatıwshı printsip esaplanadı. Bul jan`a tara` tu`p ma`nisinde g`a`rezsiz, sistema

---

[1]Тейяр де Шарден//Всемирная энциклопедия. -М.: Современный литератор, 2001.-С. 346.

payda etiwshi printsip bolıp, ol insaniyattan tısqarıda ha`m insaniyatsız ju`zege keliwi mu`mkin emes.

Noosfera tu`siniginin` mazmunındag`ı aqıl ulıwma insan sanası ha`m shaxstın` barlıq ruwxıy ta`replerinin` uyg`ınlıg`ın sıpatlaydı. Ha`zirgi waqıtta «noosfera» tu`sinigi tu`rli taraw alımları dıqqatın o`zine tatpaqta. Bazı bir ko`z-qaraslarda onın` mazmunı informatsion protsessler menen baylanıslı jag`dayda ha`m informatsion-energetikalıq-materiallıq birlik sıpatında ta`riyplenedi. Bu`gingi ku`nde ken` tarqalg`an «intellektual sistemalar» ataması noosferag`a kiriw mexanizmlerinen birin an`latadı.

Biosferadan noosferanın` payda bolıwı insaniyattın` bir-biri menen baylanısın ko`rsetedi. Noosfera o`zinin` «aqıl tarawı» degen atın aqlawı kerek. Onda texnikalıq rawajlanıwdın` insaniyat keleshegi ushın unamsız aqıbetlerin joq qılıw ha`m ja`miyetlik turmıs pa`rawnlıg`ı ushın ken` imkaniyatlar jarata alatug`ın gumanistlik ilimiy pikir a`melde hukim su`riwi talap etiledi.

Aqıl tek g`ana biliwdin arnawlı apparatı emes, al turmıs iskerligin sho`lkemlestiriwshi derek bolıp esaplanadı. V.Vernadskiy pikirine ko`re, noosferanın` qa`liplesiwi o`sip baratırg`an ilimiy pikir ha`m og`an tiykarlang`an u`nemli ja`miyetlik miynet ta`sirinde ju`z beriwi kerek.

İlimiy pikirdin` os`iwi insaniyattın` o`mir su`riw sha`rt-sharayatlarına ta`sir ko`rsetpey qalmaydı. V.Vernadskiy pikirinshe, noosfera sebepli insaniyat turmısının` joqarı sho`lkemlestiriwshilik wazıypaların orınlaw da, ta`biyiy kosmoslıq ta`rtipti sanalı ta`rtipke salıw da mu`mkin.

«Noosfera» tu`sinigi ilimiy aylanısqa kirgiziliwi menen filosofiyada energiyanın` jan`a tu`ri ma`nisi haqqında pikir ju`ritile baslandı. Ol o`zinin` quramına ko`re, bioximiyalıq protsesslerdin` o`zine ta`n tu`ri bolıp esaplanadı. İnsan ma`deniyatı energiyası yamasa ma`deniy biogeoximiyalıq energiya dep atalıw mu`mkin bolg`an energiyanın` bul jan`a forması – aqıl noosferanı jaratatug`ın tiykarg`ı printsiplerden biri bolıp tabıladı. Noosfera shegaraları insan menen

baylanıslı, olar o`zgermes emes, pikirlew protsesslerinin` aqıllılıq ha`m sıpat da`rejesine bylanıslı degen juwmaqqa keliw mu`mkin.

İnsaniyat turmısı iskerliginin` negativlerin joq qılıw imkaniyatları noosfera menen baylanıstırılmaqta. Barlıqtı tu`siniwge tiyisli universal podxod tek g`ana Jer tsivilizatsiyasının` u`stem qa`driyatları ha`m printsiplerin emes, al kosmosqa belgili bir baylanıslılıqtı da o`z ishine aladı. İnsaniyattın` ta`biyat penen baylanıs mexanizmleri ren`-beren`.

Olar tek biologiyalıq, texnikalıq yamasa ja`miyetlik mexanizmlerden g`ana ibarat emes. Bul mexanizmler o`z-ara ta`sir protsessinde sonday quramalı sistemanı payda etedi, bunda bir qatlam ekinshi qatlam u`stinen orın alıp, o`z ta`siri menen u`shinshi qatlamdı o`zgerttiredi.

«Noosfera» tu`siniginde insan iskerliginin` unamsız aqıbetleri haqqındag`ı ko`p sanlı faktografiyalıq mag`lıwmatlarg`a qarsı narazılıqlar da joq emes. G.Marshtın` 1866-jılda basıp shıg`arılg`an «İnsan ha`m ta`biyat yamasa ta`biyattın` fizikalıq-geografiyalıq sha`rt-sharayatları o`zgeriwine insannın` ta`siri haqqında» g`ı kitabında jasaw ortalıg`ına insannın` unamsız ta`siri tuwrısında ko`plep da`liyiller keltirilgen ha`m olar qayg`ılı aqıbetlerge alıp barıwı mu`mkinligi aytılg`an. Bular: topıraq qatlamının` buzılıwı, tog`aylar maydanının` qısqarıwı, haywanlar tu`rlerinin` azayıp ketiwi x.t.b.

Biosferanın` jan`a basqıshı Noosfera bolıp, ol planetar xarakterdegi insan aqılının` geologiyalıq qu`dreti menen baylanıslı. Tayer de Shardennin` "İnsan fenomeni" shıg`armasında aytılg`anınday, Noosferanın` payda bolıwı, daslep, Homo sapiens (Sanalı adam) nın` payda bolıwı, ja`ne olarda birinshi ja`miyetlesiw da`wiri menen baylanıslı; Noosfera biosfera rawajlanıwının` ja`miyetlesken basqıshı degen juwmaqqa kelgen. Noosferanı biosferadan u`stun qoyıw yamasa onı bir pu`tin fenomen sıpatında biosferadan ajıratıw mu`mkin emes.[1]

---

[7] Мамашокиров С., Усмонов Э. Барқарор тараққиётнинг экологик хавфсизлик масалалари. – Т.: "Фан", 2007, 30- б.

## 6. İnsan ha`m noosfera

Noosferanı biosferadan ajıralg`an, ga`rezsiz bar bolg`an o`z aldına qabıq yamasa barlıqqa hesh qanday baylanısı bolmag`an taza teoriyalıq ko`z-qaras sıpatında emes, al biosferanın` bir jag`daydan basqa jag`dayg`a otiwi, bunın na`tiyjesinde pu`tkilley jan`asha sıpattın` payda bolıwı sıpatında tu`siniw da`rkar.

İnsan raketalar, jasalma sputnikler, orbital stantsiyalar ha`m basqa kosmoslıq texnikadan paydalanıp, ta`biyiy qa`liplesken biosfera shegaralarınan tısqarıg`a shıg`adı, ha`zirgi waqıtta ol (insan) sol biosferanın` quramlıq bo`legi sıpatında, ol o`zinin is-ha`reketi menen biosfera shegaraların ken`eyttiredi. Ja`miyet ta`biyat penen o`z-ara baylanısqa kirisip, biosferag`a kirip baradı, onı jan`asha mazmun menen bayıtadı, «ja`miyetlestiredi». Biosfera ja`miyetlik barlıq shen`berine barg`an sayın ku`shli «tartıladı», onın` sheksiz rawajlanıw ha`m jetilisiw protsessi bolsa ja`miyetlik turmısqa o`z ta`sirin ko`rsetedi. Ta`biyattın` bir bo`legi bolg`an insan bul protsessti toqtata almaydı.

Biosferanın` noosferag`a otiwi, birinshiden, insan o`zinin` o`zgerttiriwshi iskerliginde «Zıyan tiygizbe» degen qag`ıydag`a so`zsiz a`mel qılıwı, biosferanın` da, o`z-o`zinin` keyingi evolyutsiyası ushın barlıq juwapkershilikti o`z moynına alıwg`a ma`jbur ekenligin an`latadı.

Bunday wazıypanı atqarıw ushın ja`miyet ha`mde «ja`miyet-ta`biyat» sisteması haqqında ken` bilimlerge iye bolıw talap etiledi.

Bul o`z na`wbetinde filosofiyalıq bilimlerdi, pa`n tarawlarındag`ı jan`alıqlardı o`zlestiriwdi, sonın` menen bir qatarda turmıstın` qa`dir-qımbatın teren` an`lawdı belgili a`dep-ikramlılıq idealların iyelewdi talap qıladı.

Noosferanı (Aqıl tarawı) an`law og`an baylanıslı 2 tu`rli mu`na`sebetti durıs tu`siniwdi talap etedi: onın` unamlı ta`replerin ko`rsetip, ja`miyet rawajlanıwında noosfera basqıshın progressiv ha`diyse sıpatında dep talqın etiw mu`mkin. Mın` jıllıqlar dawamında bilimler sebepli adamlar da`stu`riy ja`miyeti pu`tkilley jan`alanıp, jan`a ma`deniy turmıs payda boldı.[1]

---

[1] Вернадский В.И. Начало и вечность жизни. М., 1989. –Стр.136.

İnsaniyat rawajlanıwında jazıw, kitap baspa u`skenesinin` oylap tabılıwı, ullı geografiyalıq ashılıwlar, radio, televidenie, telefon, kosmoslıq ushıw appratları, jasalma sputnikler, xalqara internet tarmag`ının` jaratılıwı insan ha`m ja`miyet turmısında ulıwma jan`a da`wirdi baslap berdi. Noosfera qu`dreti Jer dep atalg`an Du`nyanın` bir kishi tochkasında jan`a du`nya ko`rinisin jarata aldı.

Ha`zirgi waqıtta noosferanı unamsız (regressiv) ha`diyse sıpatında talqın etiw, onın` ta`biyat ha`m adamzat ja`miyeti o`mirine keskin ha`m qawipli ta`sir etiwshi ta`replerin de ko`riw mu`mkin.

Aqıldın` sheksiz quwatı na`tiyjesi bolg`an «bul qa`wipti, - dep jazadı İ.A.Karimov, - anag`urlım kesh – 70-jıllardın` baslarında g`ana an`lay basladıq. Sol waqıtta usı ma`sele du`nya ko`lemindegi rawajlanıwg`a bag`ıshlang`an da`slepki Batıs modellerinde keskin qılıp qoyılg`an edi. Bul da «bomba partlag`anday» ta`sir etti. İnsaniyat qanday qa`wip qarsısında turg`anlıg`ın, qorshag`an ortalıqqa insan iskerligi sebepli jetkiziletug`ın zıyan qanday aqıbetlerge alıp kelgenligin anıq sezdik. İnsannın` ta`biyat imkaniyatların ha`m onın` rawjlanıw nızamlıqların esapqa almay jedel ju`rgizip atırg`an xojalıq iskerligi, Rim klubının` «XXI a`sir jolı» dep atalatug`ın izertlewlerinin` birinde kor`setip o`tilgenindey, Jer ju`zinde topıraq buzılıwı, tog`aylardan ayırılıw, balıqlardın` ha`dden tısqarı ko`p awlanıwı, duzlı jawınlar, atmosfera pataslanıwı, azon qatlamının` buzılıwı ha`m tag`ı basqa ayanıshlı waqıyalardın` ju`z beriwine alıp keldi»[1].

Ekologiya o`zgeriwi aqıbetinde ju`z berip atırg`an ta`biyiy apatlar insaniyat turmısına unamsız ta`sirin ko`rsetip kelmekte. Ha`zirgi ku`nde adamzat global krizisler aldında turıptı: Yadro urısı qawipi, ishimlik suw zapaslarının` barg`an sayın kemeyip barıwı, insaniyat o`miri ushın za`ru`riy shiyki zat dereklerinin` kemeyip barıwı, ıqlımdag`ı o`zgerisler, ta`biyiy apatlar – bulardın` ha`mmesi ulıwmainsaniy problemalardın` ko`beyip baratırg`anlıg`ınan da`lalat beredi. Bul problemalardı joq qılıw mu`mkin be? Noosfera utopiya ma yamasa insaniyattı asıraw strategiyası ma?

---

[10] Ислом Каримов. Ўзбекистон XXI бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т., “Ўзбекистон” нашр., 1997, 113- б.

Bul ma`selede, akademik V.İ.Vernadskiy noosfera da`wirinin` qarar tabıw mu`mkinligin tiykarlap, du`nya ja`miyetshiligi dıqqatın to`mendegi ma`selelerge qarattı:

1. planetalarg`a insandı jaylastırıw;
2. m`amleketler ara tez baylanıs usılların islep shıg`ıw;
3. biosferada ju`z berip atırg`an basqa geologiyalıq protsessler insannın` geologiyalıq rolinin` artıp baratırg`anlıg`ın itibarg`a alıw;
4. kosmosqa shıg`ıw, biosfera shegarasın ken`eyttiriw;
5. jan`a energiya dereklerin izlep tabıw;
6. barlıq diniy ha`m ırqıy parıqlarg`a qaramastan, adamzat ten`ligin ta`miyinlew;
7. ishki ha`m sırtqı problemalardı sheshiwde xalıq massası ku`shine tayanıw;
8. ilimiy pikir erkinligin ta`miyinlew;
9. xalıq ta`limi sistemasın jetilistiriw, ha`m xalıq pa`rawanlıg`ın asırıwdın` real imka`niyatların jaratıw;
10. ta`biyattı sanalı tur`de o`zgerttiriw;
11. urıslardı ja`miyetlik a`meliyattan ulıwma shıg`arıp taslaw.[1]

Noosfera da`wiri ushın qoyılg`an joqarıdag`ı parametrler ma`lim ma`nide ha`zirgi da`wirde pu`tkil du`nya xalıqlarının` a`meliyatında ko`zge taslanıp atırg`anlıg`ı quwanarlı. Du`nyada yadrolıq urıs qa`wipine qarsı gu`res, demokratiya ha`m insan huqıqların qorg`aw, insan ma`pleri u`stinligine erisiw, insang`a en` joqarı qa`driyat sıpatında qaraw sıyaqlı, Jer, o`mir, insaniyattın` keleshegi ushın u`lken a`hmiyetke iye.

Ta`biyat kelesi evolyutsiyasın saqlap qalıw ushın Aqıl menen is ko`riw, insan, insaniyat aldındag`ı minnet juwapkershilikti an`law, noosferanın` o`mir su`riwin ta`miyinlew printsipi ekenligin umıtpaw kerek.

[1] http: bibliotekar.ru/1 vernadskiy.htm

Prezident İ.A.Karimovtın` «a`sirler tutas kelgen waqıtta pu`tkil insaniyat, ma`mleketimiz xalqı ju`da u`lken ekologiyalıq qa`wipke dus kelip qaldı. Bunı sezbew, qol qawıstırıp otırıw – o`z-o`zin o`limge hukim etiw menen barabar esaplanadı… Ta`biyat ha`m insan o`z-ara belgili nızamlıqlar tiykarında mu`na`sebette boladı. Bul nızamlıqlardı buzıw du`zetip bolmas ekologiyalıq problemalarg`a alıp keledi»[1], degen so`zleri joqarıdag`ı pikirlerdi tastıyqlaydı.

Ma`mleket ta`lim standartlarına Milliy ideya jo`nelisinde oqıp atırg`an magistrantlar ushın O`zbekstanda birinshi ma`rte «Noosfera: geosiyasat ha`m ideologiya» dep atalg`an jan`a kurs kirgiziliwi ha`m sog`an baylanıslı oqıw qollanba basıp shıg`arıwdı[2] Noosfera da`wiri xarakterlerin esapka alıw aktual ma`sele ekenligin ja`ne bir ma`rte tastıyqladı.

O`zbekstannın` ja`miyetlik keleshek strategiyası: tınıshlıq ushın gu`res, Oraylıq Aziyanı yadro quralı joq bolg`an zonag`a aylandırıw, xalıq pa`rawanlıg`ın asırıwg`a qaratılg`an Ma`mleket Da`sturlerin izshil ta`rizde turmısqa engiziw barısında jurtımızda alıp barılıp atırg`an qayırqomlık isler ha`m olardın` ja`miyet ta`repinen ta`n alınıwı, aqıl tiykarındag`ı siyasattın` qanshelli a`hmiyetli ekenligin turmıstın o`zi tastıyqlamaqta.

Bu`gingi ku`nde de «noosfera» tu`sinigi, onın` o`zine ta`n qa`siyetleri tuwrısındag`ı ba`sekeler toqtag`anı joq. İnsaniyat du`nya sırların ko`birek bilip barar eken, noosferanın` tu`rli qırraları ashılıwı dawam ete beredi. Bul sol tarawdag`ı bilimler toplanıwına, tu`rli da`liyllerdi ulıwmalastırıw, olar tiykarında filosofiyalıq ideyalardı ortag`a taslaw ushın ken` imkaniyat jaratadı.

---

[1] Ислом Каримов. Ўзбекистон XXI бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т.: "Ўзбекистон" нашр., 1997, Б. 112-113.
[2] Каримов Иброҳим. Ноосфера: геосиёсат ва мафкура. Ўқув қўлланма. Т., "Фан" нашр., 2007 й. 12 босма табоқ.

## Juwmaqlaw

Adamzat tu`sinikler, kategoriyalar, nızamlar arqalı du`nyanı biliw imkaniyatına iye boladı. Filosofiyalıq nızamlar du`nyadag`ı o`zgerisler, payda bolıw ha`m jog`alıwlar, rawajlanıw ha`m krizis mexanizmlerin an`latadı. Nızam belgili sha`rt-sharayatta waqıyalar rawajının` xarakteri ha`m jo`nelisin belgileytug`ın, ma`lim bir na`tiyjeni ko`rsetetug`ın obektiv du`nyadag`ı na`rse ha`m ha`diyselerdin` a`hmiyetli, za`ru`riy, ulıwma, turaqlı mu`na`sebetlerinin` sa`wlesi bolıp tabıladı. Nızam menen nızamlılıq tu`sinigi arasında baylanıs bar, nızam nızamlılıqtın` bir, anıq (konkret) ta`repin sa`wlelendiredi, nızamlılıq bolsa ulıwma jo`nelis, meyil (tendentsiya)di an`latıp, ha`r tu`rli nızamlar kompleksi sıpatında ko`zge taslanadı, nızamlar a`mel qılıw shen`berine qarap en ulıwma, ulıwma ha`m jeke bolıwı mu`mkin.  Jeke nızamlar belgili bir obekttin` o`zine ta`n qa`siyetleri arasındag`ı yamasa materiya ha`reketinin` qandayda bir forması shen`berinde bar bolg`an ishki baylanıslar sa`wlesi. Ulıwma nızamlar na`rse ha`m ha`diyselerdin` u`lken kompleksi arasındag`ı baylanıslardı an`latadı.

En` ulıwma nızamlar bolsa, ta`biyat, ja`miyet qarım-qatnasındag`ı barlıq baylanıslar, o`zgerisler ha`m rawajlanıw mexanizmlerin an`law, waqıyalar rawajının` aqıbetlerin aldınnan tu`sinip alıw imkanın beredi. Bularg`a filosofiya pa`ni nızamları kiredi.

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızda qaralg`an problemalardı izertlew barısında to`mendegishe juwmaqlarg`a iye boldıq:

Ha`zirgi zaman globallıq problemalarının` keskinlesken basqıshında adamzattın` globallıq krizisten shıg`ıwının` bir jolı retinde ja`miyet ham ta`biyat nızam ha`m nızamlıqlarına ayırıqsha dıqqattı ku`sheytiw kerek.

Adamnın` jan`a obrazı payda bolıp, onın` globallıq evolyutsiyalıq protsesstegi rolin tu`siniw talap etiledi. Evolyutsiyanın` keyingi basqıshına o`tiwdi adam ruwxıy tarawdın` ja`rdeminde, biologiyalıq ha`m sotsiallıq talaplardı sanalı, tu`sinilgen tu`rde pa`seyte alsa g`ana iske asıra alıwı mu`mkin.

Ha`zirgi zaman qa`driyatlar sistemasının` bag`darlanıw vektorı materiallıq talaplardı paydalanıwdın` pa`seyiwine qaray adamnın` ruwxıylıg`ın ku`sheytiw esabınan o`zgertiw tiyis. Bul jerde rawajlanıw adamnın` o`zin biliwin, o`zin tu`siniwin, ruwxıy tarawdı ta`rtiplestriiwshi mexanizmlerdi anıqlawdı, intelekttin` o`mir suriw bilimlerine iyelik etiwdi ta`miynleydi.

## Qosımshalar
## Sxema 1

### Ja`miyettin` filosofiyaliq talqin etiliwi

Ja`miyet insanlar qarim-qatnasinan ibarat bolg`an birlik. Ja`miyet – maqsetleri, umtiliwlari, jasaw ta`rizi bir bolg`an adamlar shan`arag`inan ibarat insanlardin` jasaw wortalig`i

↓

Materialliq du`niyanin` quramliq bo`legi

↓

Ja`miyet woz-wozin sho`lkemlestiriwshi, woz-wozinen rawajlaniwshi quramali sistema

↓

Ja`miyet adamlardin` turmis ta`rizi, iskerliklerinin` barliq tu`rleri, olardin` na`tiyjelerin qamrap aladi

↓

Adamlar turmisi ha`m iskerliginin` wotmishi, ha`ziri ha`m kelesheginen ibarat waqit jag`dayin sa`wlelendiredi

↓

Ja`miyet adamlar arasindag`i obektiv socialliq baylanis ha`m mu`na`sebetlerinin` jemisi

Ja`miyet materialliq ha`m ruwhiy principlerden ibarat bir pu`tinlikti sa`wlelendiriwshi sistema. Buni to`mendegi sxema arqali ko`rswtiw mu`mkin.

**Sxema 2**



Ja`miyet turmisinin` tarawlarin to`mendegi sxemada ko`rsetiw mu`mkin.

**Sxema 3**



**Sxema 4**
***Noosfera***



## PAYDALANILG`AN A`DEBİYATLAR DİZİMİ


1. Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. 2-tom. -T., "Uzbekiston", 1996.
2. Karimov İ.A. Uzbekiston XXI asr bo`sagasida: xavfsizlikka tah'did, barqarorlik shartlari va taraqqiët kafolotlari. – T., "Uzbekiston", 1997.
3. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yoq. – T., "Uzbekiston", 1998.
4. Karimov İ.A. Uzbekiston buyuk kelajak sari. – T., "Uzbekiston", 1998.
5. Karimov İ.A. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq, milltani millat etishga xizmat qilsin. – T., "Uzbekiston", 1998.
6. Karimov İ.A. "Uzbekiston" XXI asrga intilmoqda. – T., "Uzbekiston", 1999.
7. Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. – T., "Uzbekiston", 2000.
8. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon h'aët pirovard maqsadimiz. T.: "Uzbekiston" 2000.
9. Milliy istiqlol g'oyasi: asosiy tushunchalar, tamoyillar va atamalar. – T., "Uzbekiston", 2000.
10. Karimov İ. A. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh' etishdir. – T., "Uzbekiston", 2005.
11. Karimov İ.A. Uzbekistonning 16 yillik mustaqil taraqqiët ywli. – T., "Uzbekiston", 2007
12. Karimov İ. A. Yuksak manaviyat – engilmas kuch. – T., "Manaviyat", 2008.
13. .Karimov İ.A. Jah'on moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, Uzbekiston sharoitida uni bartaraf etishning ywllari va choralari. – T., "Uzbekiston" 2009.
14. Karimov İ.A. Eng asosiy mezon – h'aët h'aqiqatini aks ettirish. -T., "Uzbekiston", 2009.
15. Karimov İ. A. Uzbekiston Konstitutsiyasi – biz uchun demokratik taraqqiët ywlida va fuqarolik jamiyatini barpo etishda mustah'kam poydevordir. – T., "Uzbekiston", 2009.

16.Karimov İ.A. Asosiy vazifamiz-Vatanimiz taraqqiëti va xalqimiz farovonligini yanada yuksaltirishdir. – T., “Uzbekiston”, 2010.
17.Karimov İ.A. Mamlakatimizda demokratik isloh’otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi – T., “Uzbekiston”, 2010.
18.Karimov İ.A. Tarixiy xotira va inson omili – buyuk kelajagimizning garovidir. – T., “Uzbekiston”, 2012.
19.Karimov İ.A. Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. -T., “Uzbekiston”, 2012.
20.Beruniy Abu Rayh’on. Tanlangan asarlar. 1-jild. (Qadimgi xalqlardan qolgan ëdgorliklar) -T., “Fan” 1968.
21.Axmad Yugnakiy. Hibat ul-h’aqoyiq. – T., 1971.
22.Yusuf Xos Hojib. Qutadg’u bilig. – T., 1972.
23.Axmad Yassaviy. Hikmatlar. -T., 1991.
24.Mwminov İ.M. Uzbekistonda ijtimoiy falsafiy tafakkur tarixidan. –T., “Fan”, 1994.
25.Buyuk siymolar, allomalar. Birinchi kitob. – T., “Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriëti”, 1995.
26.Buyuk siymolar, allomalar. İkkinchi kitob. – T., “Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriëti”, 1996.
27.Abu Nasr Farobiy Fozil odamlar shah’ri.-T.,  Oqituvchi, 1997.
28.Tulenov J. Qadriyatlar falsafasi,- T., “Uzbekiston” , 1998.
29.İbroh’im Karimov. Falsafa yaxlit fan. –T., “Kamalak-kamolot”, 1998. yil.
30.E.Yusupov, X.Abdurah’monov. Falsafaga yangicha ëndashish talabi. –T., 1998.
31.Ywldoshev S.A. Antik falsafa. -T., 1999.
32.Tulenov Sh. Dialektika nazariyasi. –T., “Uzbekiston”, 2001.
33.J.T.Tulenov. Metodologiya nauchnogo tvorchestva. – T., 2001.
34.Tulenov J. «Borliq falsafasi».Uchinchi bwlim, T., TDPU, 2001.
35.Tulenov J. «Dialektika nazariyasi»- T., “Uzbekiston”, 2001.
36.Tulenov J. Falsafa fani va uning xususiyatlari. Birinchi bwlim.- T., 2001.
37.Tulenov J. Falsafa tarixi. İkkinchi bwlim.- T., 2001.

38. Tulenov J. Falsafiy madaniyat va manaviy kamolot. –T., “Meh’nat”,. 2001.
39. Gunnar Skirbekk, Nils Gile «Falsafa tarixi» -T., “Sharq, 2002.
40. Ywldoshev S, Usmonov M.O, Karimov R, Qobulniёzova G, Rwzimetov G. Yangi va eng yangi davr G’arbiy Evropa falsafasi. -T., 2002.
41. J.Tulenov, S.Komilova, S.Valieva, M.Rustamova. İlmiy ijod metodologiyasi. –T., TDPU, 2002.
42. Nazarov Q, Ochildiev A. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushunchalar, tamoyillar va atamalar. – T., “Yangi asr avlodi”, 2002.
43. Karimov İ.A. Falsafa fanidan vaz (lektsiya) matnlari. −T., 2003.
44. Ywldoshev S.A, Usmonov M.O, Karimov R.R. Qadimgi va Wrta asr g’arbiy Evropa falsafasi. – T., 2003.
45. Soifnazarov İ, Nikitchenko G, Qosimov B. İlmiy ijod metodologiyasi. – T., “Yangi asr avlodi”, 2004,
46. Falsafa. qomusiy lug’at. –T., “Sharq”, 2004.
47. Jah’on falsafasi tarixidan lavh’alar. –T., 2004.
48. G’arb falsafasi- T., “Sharq” nashriёt-matbaa aktsiyadorlik kompaniyasi bosh tah’ririyati, 2004.
49. Choriev A. İnson falsafasi. –T., 2005.
50. Falsafa asoslari. (Q.Nazarov va boshqalar) T., “Uzbekiston” 2005.
51. Falsafa. (wquv qwllanma) E.Yu.Yusupov umumiy tah’riri ostida (qayta ishlagan) -T., “Sharq”, 2005.
52. “Falsafa” (M.Ah’medova tah’riri ostida). – T., “Uzbekiston” , 2005.
53. Bilish falsafasi.-T., “Universitet”, 2005.
54. Karimov İbroh’im, Rustamova M. Falsafa fani tarixi va nazariyasi. -T., TDPU, 2007.
55. Abbosxwjaev O., Umarova N., Qwchqorov R. Mafkura poligonlaridagi olishuv. – T., 2007.
56. Karimov İbroh’im. Noosfera: geosiёsat va mafkura. Oquv qwllanma.-T., “Fan”., 2007.

57.Karimov İ. «Manaviyat, falsafa va h’aёt»(ikkinchi twldirilgan nashri).- T., “Fan”, 2007.
58.Xorazm Mamun Akademiyasi va dunё ilm –fan taraqqiёtidagi wrni. –T., 2007.
59.Mamashokirov S. Usmanov E. Barqaror taraqqiёtning ekologik xavfsizlik masalalari.-T., “Manaviyat”, 2009.
60.Toraev B. Borliq: moh’iyati, shakllari, xususiyatlari. –T., 2010.

**Elektron ta`lim resursları**

61.www.tdpu.uz
62.www. Ziyonet.uz
63.tdpu-INTERNET.Ped.

**Tariyx-huqiq fakulteti filosofiya qa`nigeliginin` 4-kurs studenti Risnazarov Islamnin` ’’Ta`biyat ha`m ja`miyet nizamlarindag`i uliwmaliq ha`m wo`zgesheligi ma`selesi’’ atamasinda jazg`an pitkeriw qa`nigelik jumisina**

**PIKIR**

Risnazarov Islamnin` pitkeriw qa`nigelik jumisi bu`gingi ku`n iliminde actual problemalardin` biri bolip tabiladi. Sebebi, XXI a`sirdin` baslarinda massaliq harakterge iye bolg`an global ekologiyaliq krizis, tek g`ana insaniyat ja`miyetinin` rawajlaniwin qa`wip astina qoymay, sonin` menen birge ta`biyattin` da tariyxiy qa`liplesken formalarda o`mir su`riwin soraw belgisi astina qoyg`anlig`i, adamzat iskerliginin` ko`lemi planetarliq xarakterge iye bolip, ta`biyiy qorshag`an ortaliqtin` ayanishli ta`repke o`zgeriwine alip kelgenligi ma`lim. Usig`an baylanisli student Risnazarov Islamnin` tan`lag`an temasindag`i ma`seleler tuwridan-tuwri joqarida aytilg`an ha`zirgi zaman ja`miyetinin` rawajlaniw o`zgeshelikleri menen baylanisli bolg`an mashqalalardi sheshiwge qaratilg`an.

Risnazarov Islamnin` pitkeriw qa`nigelik jumisi kirisiw, eki bap, segiz paragraf, juwmaqlaw ha`m paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen, slaydlardan turadi. Kirisiwde u`renilip atirg`an problemanin` aktuallig`ina, obekti ha`m predmetine, ilimdegi izertleniw da`rejesine, teoriyaliq ha`m praktikaliq a`hmiyetine, metodologiyaliq bazasina student ken` tu`rde toqtap o`tken.

Eki paragraftan quralg`an birinshi bap ta`biyat ha`m ja`miyet birligi, olardin` nizamlari haqqinda filosofiyaliq ko`z-qaraslarg`a bag`ishlan`g`an. Bul jerde student ta`biyat ha`m ja`miyet arasindag`i baylanis, nizamlarindag`i uliwmaliq ha`m o`zgeshelik ma`selelerine toqtap o`tken.

Segiz paragraftan ibarat bolg`an ekinshi bapta ta`biyat barliqtin` quramali bo`legi sipatinda alip qaralip, bunda ta`biyattin` filosofiyaliq tu`sinigi, ta`biyat, ja`miyet ha`m adam kooevolutsiyasi, ha`zirgi waqitta jedel ta`rizde ju`z berip atirg`an ilimiy-texnika inqilabi, ekologiyaliq problemalar ha`m onin` sheshiliw

jollari, ta`biyat rawajlaniwinin` noosfera basqishi ha`m insaniyattin` jer planetasi keleshegindegi juwapkershiliginin` artip bariwi ma`seleleri analiz etilgen.

Solay etip, uyrenilgen problema boyinsha juwmaqlar aniq bo`lip ko`rsetilgen. Bul da studenttin` erisken jetiskenligi dewge boladi.

Uliwma alg`anda pitkeriw qa`nigelik jumisi sapali da`rejede jazilip, pikirlerdin` aniqlig`i, qisqalig`i, ken` ko`lemdegi a`debiyatlardin` analizleniwi, studenttin` bayanlamasinin` o`z betinsheligi menen ko`zge taslanadi.

Juwmaqlastirg`anda, Risnazarov Islamnin` pitkeriw qa`nigelik jumisi bunday jumislarg`a qoyilatug`in talaplarg`a juwap beredi.

Pikir bildiriwshi f.i.d. A.Berdimuratova

**Tariyx-huqiq fakulteti filosofiya qa`nigeliginin` 4-kurs studenti Risnazarov Islamnin` ''Ta`biyat ha`m ja`miyet nizamlarindag`i uliwmaliq ha`m wo`zgesheligi ma`selesi'' atamasinda jazg`an pitkeriw qa`nigelik jumisina**

**BAHALAW**

Ta`biyat ha`m ja`miyettin` o`z-ara baylanisi filosofiya iliminin` aktual mashqalalarinan biri bolip tabiladi. A`sirimizdin` basinda bul tema bizin` g`a`rezsiz ma`mleketimizdin` ruwxiy klimatin aniqlaytug`in idealiq-kontseptualliq potentsiyal arqali izertlenilmekte. Sebebi ta`biyat ha`m ja`miyettin` oz-ara qatnasinin` genezisi ha`m rawajlaniw ha`zirgi ekologiyaliq jag`daydin` o`zgesheliklerin aniqlaydi ha`m olar uliwma formada ta`biyat ha`m ja`miyet arasindag`i o`z-ara qatnaslar shegarasindag`I qarsiliqlardin` keskinlesiwinde o`z ko`rinisin tappaqta.

Usig`an baylanisli Risnazarov Islamnin` tan`lag`an temasi ha`m teoriyaliq, ha`m praktikaliq a`hmiyetke iye. Bul jumista student ekologiyaliq jag`daydin` keskinlesiwinin` obektivlik ha`m subektivlik tiykarlarin teoriyaliq jaqtan tiykarlawg`a, ta`biyatti qorg`aw ma`deniyati tu`sinigine teoriyaliq analiz beriwge, qorshag`an ortaliqtin` qorg`aw tarawinda ta`rbiya ha`m ta`limnin` ha`r qiyli formalarinin` ishki dialektikasin da`lliylewge ha`reket qilg`an. Izertlew barisinda aling`an juwmaqlardi "Filosofiya", "Milliy g`a`rezsizlik ideologiyasi, huqiq ha`m ruwxiyliq tiykarlari" qa`nigeligi boyinsha o`tiletug`in arnawli kurslarda paydalansa boladi.

Uliwma alg`anda, pitkeriw qa`nigelik jumislarina joqari oqiw orinlarinda qoyilatug`in talaplarg`a Risnazarov Islamnin` izertlew jumisi juwap beredi.

Pikir bildiriwshi f.i.k. Z.Seytova